O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI TA`LIMI WA`ZIRLIGI

A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK

PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

PEDAGOGIKA FAKUL`TETI

“PSIXOLOGIYA” KAFEDRASI


“Pedagogika ha`m psixologiya” ta`lim bagdarinin’4 ”d” kurs talabasi

Aymuratova Gulnaz Kuralbaevna


# BAKALAVR PITKERIW QA’NIGELIK JUMISI

**Tema**: Shan`araqta ata-ana ha`m bala ortasındag`ı qabıl etiwdin` psixologiyalıq o`zgeshelikleri


Ilimiy basshi: Ps.p.b.(PhD), w.w.a.dotsent A. Elmuratova

Kafedra basligi : ps.p.k.,dotsent Z.Sh.Sherimbetova


NO’KIS – 2019 jil

**R E J E :**

**KIRISIW**

**I BAP. SHAN'ARAQTA ATA – ANA HA'M BALA ORTASINDAG`I QABIL ETİWDİN` PEDAGOGIKALIQ HA'M PSIXOLOGIYALIQ A'DEBIYATLARDA U'YRENILIWI.**

1.1. Shig'is oyshillarinin' shan'araqliq mu'na'sibetler haqqindag'i pikirleri.

1.2. Jas o`spirim ha`m ata-anasi arasindag`i qabıl etiw ma'selelerinin' shet el psixologlari ta`jiriybelerinde u'yreniliwi.

1.3. Shan`araqta bala ta`rbiyasin maqsetli tu`rde bag`darlaw.

1.4. O'spirimler menen ata-analar ortasindag'i kelispewshiliklerdin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri.

1.5. Shan'araqta ta'rbiya formalari ha'm ata-analiq ustanovkalari.

**II BAP. SHAN'ARAQTA ATA – ANA HA'M PERZENTLER ARASINDAG'I MU'NA'SIBETLERDI U'YRENIW.**

2.1. «Ata-analar mu'na'sibeti» tu'rlerin aniqlaw testi. (V.YA.Varga, V.V.Stolin )

2.2. T. Liridın` shaxslar aralıq mu`na`sibetlerin diagnostikalaq metodikası.

**JUWMAQLAW**

**PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR**

# KIRISIW

Shan`araq ha`m shan`araqtag`i mu`na`sibetler, a`sirese ata-ana ha`m perzentlerdin` o`z ara baylanislari ja`miyette ju`zege kelgen da`slepki da`wirlerden baslap en` a`hmiyetli mashqalalardan biri bolip kelgen. Ja`miyet rawajlanip barg`an sayin bul mashqalanin` a`hmiyeti ja`nede artip bara beredi. Sebebi, insanlar ta`repinen jetilisken jen`isler usi shan`araq ortasinda ata-ana ha`m perzentler qarim-qatnaslari sistemasinda basqa ha`r qanday sotsial institutlar arasindag`i baylanis sipatinda alip qaralg`anda ko`birek o`zlestiriledi ha`m u`rip-a`det, dastu`rler, ruwxiy miyras sipatinda a`wladtan a`wladqa o`tedi. Sonday eken, ol yamasa bul ja`miyet, xaliq, milettin` erki, jemisi ko`p ta`repten usi mu`na`sibetlerdin` jag`dayina baylanisli. Bunin` bolsa shan`araktag`i ishki ortanin` ha`r ta`repleme salamat, ruwxiy bekkem boliwina erisiw lazim.

G`a`rezsizlikke erisken da`slepki jillardan baslap hu`kimetimiz ta`repinen shan`araq bekkemligin, onda salamat psixologiyaliq ortanin` hu`kim su`riwin ta`miynlew, salamat a`wladti qa`liplestiriw ma`selesine o`z aldina itibar berip kelinbekte. Ma`selen, Respublikamiz ko`leminde - 1996 jil «Balalar jili”, 1998 jil «Shan`araq» jili, 1999 jil «Hayallar» jili, 2000 jil «Salamat a`wlad» jili, 2001 jil «Analar ha`m balalar» jili, 2005 jil «Salamatliq» jili, 2014 jil «Salamat bala» jili bul jillardin` dawami sipatinda 2015 jildi «Qa`riyalardi qa`dirlew» jili dep ja`riyalaniwi, usig`an baylanisli jaratildi. Ma`mleket ko`lemindegi bir qatar qararlardin` qabil qiliniwi, olardi orinlaw boyinsha ko`plegen kesheler a`melge asirilip atirg`anlig`i respublikamizda shan`araq bekkemligin ta`miyinlew, shan`araqta salamat psixologiyaliq orta hu`kim su`riwine erisiw, olarda tariyxiy, a`wladlar arasindag`i mu`na`sibetleri maqsetke muwapiq boliw kerekligi ma`selelerine o`z aldina itibar berilip atirg`anlig`inan derek beredi. A`melge asirilip atirg`an kesheler Respublikada shan`araq ma`selelerine tek ma`mleket ha`m jamiyet ko`leminde itibar berip g`ana qoymay, ba`lkim ken` ilimiy ja`miyetshilik ko`z qarasinin` ken`eyiwine tiykar boldi.

Bu`gingi ku`nde sotsial ekonomikaliq o`mirimizde baqlanip atirg`an o`zgerisler, erisilip atirg`an jen`isler menen bir qatarda shan`araqtag`i qarim-

qatnaslar na`tiyjesinde ju`zege kelip atirg`an qolaysiz ha`diyseler: ata-ana ha`m perzentler ortasindag`i qarim-qatnaslardin` payda boliwi balalardin` u`yden ketip qaliwlari, mehribanliq u`ylerinde tiri jetimler, perzentleri bola turip qariyalar u`ylerine tapsirilg`an ata-analar saninin` artiwi, ag`a-ini, apa-sin`liler ortasindag`i urislardin` boliwi baqlanbaqta. Ayirim jag`daylarda bul ja`njeller ayanishli aqibetlerge alip kiyatirg`anlig`i millettin` etnik, ruwxiyliq o`zgesheliklerine jat bolg`an jag`daylardin` ju`z berip atirg`anlig`i bizin` shan`araqlarimizda ata-ana ha`m perzentler arasindag`i o`z ara mu`na`sibetler o`zgesheliklerin arnawli tu`rde usiniw za`ru`rligin ju`zege keltirdi.

Shan`araqlar arasindag`i ha`mde a`wladlar arasindag`i mu`na`sibetler ma`selelerin u`yreniw boyinsha ilimiy ta`jiriybe isleri son`g`i jillarda du`n`ya ju`zi boyinsha tez pa`t penen a`melge asirilmaqta. Sonnan, shet el psixolog ha`m sotsiolog alimlar Frantsiyada – A.Villi, E. Dyurgeym, P.Jane; Germaniyada- T. Shrayber, Amerikada- K.Byuler, V.Met`yuza, Dj, Bruner, S.Xoll, U.Djeyms, D.Cheypi; Shvetsariyada- E.Klaparad ha`m basqada ko`plegen izleniwshiler ta`repinen bul tarawda bir qansha isler a`melge asirildi.

Eski Sovet ma`mleketinde pedagog, psixolog ha`m sotsiolog alimlar N,N,Obozov, V.A.Sisenko, A.N.Leont`ev, Yu.E.Alyoshina, N.I.Gubanov, V.N.Sokolova, G.Ya.Yuzefovich, D.V.Kolesov, N.V.Sil`verova, N.N.Tolstix, A.G.Shmelev, T.Kortsev, E.Goffman, V.G.Vlastovskiy, A.V.Baronov, P.F.Lesgaft h.t.basqalar da bul boyinsha belgili islerdi a`melge asirg`an. Biraq olar ta`repinen orinlang`an islerdin` ha`mmesi bizlerdin` milletimizdin` shan`araqlarina tuwra kele bermeydi. Sonin` ushin o`zimizdin` shan`araqlarimizdin` o`zine say etnik o`zgesheliklerin an`law bu`gingi ku`nde milliy o`zlikti an`law ha`mde qa`diriyatlarimizdi u`yreniwdin` belgili bo`limine aylanip barmaqta.

Ha`zirgi ku`nde bul ma`selege itibardin` artip baratirg`anlig`i o`zbek psixolog alimlari aldina sheshiliwi lazim bolg`an ko`plep mashqalalardi qoymaqta. Bul boyinsha Respublikamiz psixolog alimlarinan M.G.Davletshin, B.G.Shoumarov, E.Goziev, B.R.Qodirov, V.M.Karimova, V.A.Tokareva, Sh.R.Baratov, T.M.Adizova, R.I.Sunnatova, E.N.Sattarov, N.A.Soginov,

Sh.A.Dustmuxammedova, Z.T.Nishanova, F.A.Akramova, Sh.Sh.Juraeva, M.Utepbergenov, R.A.Samarova ha`m basqalardin` isleri itibarg`a ilayiq. Biraq shan`araq mashqalalarin u`yreniwge qaratilg`an bir qatar islerdin` bar ekenligine qaramastan, shan`araqtag`i ata-ana ha`m perzentler o`z-ara qarim-qatnaslarinin` psixologiyaliq ko`z qarastan u`yreniw boyinsha arnawli ta`jiriybe isleri jeterli alip barilmag`an. Bunnan basqa bul ma`selege tiyisli a`debiyatlar basqa tillerden qaraqalpaq tiline kem awdarilg`an ha`m qollanba sipatinda ja`rdem bere alatug`in qollanbalar joqtin` esabi. Usi sebeplerden kelip shig`ip biz o`z jumisimizdin` **ha`zirgi ku`nde aktual mashqala ekenligin ko`rsetip berdik.**

**Izertlew jumistin' maqseti:** Shan`araqta ata-ana ha`m bala ortasındag`ı qabıl etiwdin` psixologilıq o`zgeshelikleri mashqalalarin u`yreniwden ibarat.

**Izertlew jumistin' predmeti:** Shan`araqta ata-ana ha`m bala ortasındag`ı qabıl etiwdin` psixologilıq o`zgeshelikleri.

**Izertlew jumisimizdin' obiekti:** O'spirimlik jasi da'wiri (11 jastan 14 – 15 jaslar aralig'i)

Izertlew jumisinin' maqsetinen kelip shig'ip to'mendegishe **waziypalardi** orinlaymiz:

- ilimiy tema boyinsha a'debiyatlardi u'yreniw ha'm analizlew, mag'liwmatlar toplaw;

- shan'araq ta'rbiyasinin' pedagogikaliq ha'm psixologiyaliq o'zgesheliklerin u'yreniw;

- shan'araqta ata – ana ha'm balalar ortasindag'i qabıl etiw o'zgesheliklerin u'yreniw;

- shan`araqlarda balalardi o`z shan`arag`indag`i o`mirge mu`na`sibetlerinin` psixologiyaliq o`zgesheliklerin aniqlaw;

- tema boyinsha tiyisli metod ha'm metodikalardi tan'law;

- izertlew jumisina juwmaq jaziw.

**Izertlew metodlari:**

– baqlaw;

- sa'wbet;

- test;

- «Ata-analar mu’na’sibeti» tu’rlerin aniqlaw testi. (V.YA.Varga, V.V.Stolin);

-. T. Lirindtın` shaxslar aralıq mu`na`sibetlerin diagnostikaliq metodikası.

**Ilimiy gipoteza:** Shan`araqta ata-ana ha`m perzentler arasindag`i ju`zege keletug`in mu`na`sibetler, perzentlerdin` jinisi, jas o’zgesheligi ha’m sotsial psixologiyaliq o`zgeshelikleri menen baylanisli boliwi mu`mkin. Jinisiy ha`m sotsiyalliq faktorlar shan`araqtin’ ishki ortalig`i, shan`araqta balalar ha’m ata – analar ortasindag`i shaxslar araliq mu`na`sibetler xarakterine sezilerli ta`sir ko`rsetiwi mu`mkin.

**Ilimiy jumisimizdin’ metodologiyaliq tiykarlari**: psixologiyada sana ha’m xizmettin’ birligi printsipi, shan’araq psixologiyasi boyinsha jergilikli ha’m shet el psixolog alimlarinan M.G.Davletshin, E.Goziev, V.Karimova, G.B.SHoumarov, G.Andreeva, S.V.Kovalev ha’m t.b.lardin’ ta’liymatlari, Prezidentimiz I.A.Karimovtin’ shig’armalari, «Ta’lim haqqinda»g’i Nizam, «Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri» ha’m t.b. ma’mleket hu’jjetleri tiykar qilip alindi.

**Ilmiy jumistin’ teoriyaliq a’hmiyeti:** pitkeriw qa’niygelik jumistan keltirilgen mag’liwmatlar psixologiyanin’ jas ayirmashiliq psixologiyasi, balalar psixologiyasi, shan’araq psixologiyasi, pedagogikaliq psixologiya, sotsial psixologiya, joqari mektep psixologiyasi ha’m t.b. pa’nlerin teoriyaliq mag’liwmat penen toliqtiradi.

**Izertlew jumisinin’ a’meliy a’hmiyeti:**

Izertlew na’tiyjelerinen aling’an mag’liwmatlardi ta’lim mekemelerinin’ a’meliyatinda qollaw, ta’lim protsesinde talabalardin’ ta’lim orinlarina, ja’miyetke beyimlesiwine, ja’miyetlesiwine ja’rdemlesiwine ken’ imkan beredi.

Izertlew jumisimiz tiykarinan u’sh bo’limnen turadi. Yag’niy,

**Kirisiw.**

**Ilimiy teoriyaliq bo’lim. 5 paragraftan ibarat.**

**Ilimiy a’meliy bo’lim. 2 paragraftan ibarat.**

**Juwmaqlaw.**

**A’debiyatlar dizimi.**

# I BAP. SHAN’ARAQTA ATA – ANA HA’M BALA ORTASINDAG`I QABIL ETİWDİN` PEDAGOGIKALIQ HA’M PSIXOLOGIYALIQ A’DEBIYATLARDA U‘YRENILIWI.

## 1.1. Shig’is oyshillarinin’ shan’araqliq mu’na’sibetler haqqindag’i pikirleri.

Sotsial-psixologiyaliq a’debiyatlarda shan’araq-neke mu’na’sibetleri, shan’araqliq turmis ma’seleleri, onin’ turaqlilig’in, ondag’i mu’na’sibetler bekkemligin ha’mde parawanlig’in ta’miyinlewshi faktorlar, sonin’ menen birge, o’z-ara mu’na’sibetlerde qarama-qarsiliqlardin’ qa’liplesiwi ha’m shan’araq buziliwinin’ kelip shig’iwi menen baylanisli mashqalalarg’a bag’ishlang’an qatar jumislar bar bolip, olarda ha’zirgi shan’araqliq turmis ushin qimmatli turmisliq ha’m ilimiy juwmaqlar ken’ jaratilg’an.

Prezidentimiz I.A.Karimov ayriqsha aytip o’tkenindey, «SHig’ista a’yyem-a’yyemnen shan’araq muqaddes Watan sanalg’an. Hadalliq, tuwrı so’zlik, ar-namis, mehir-a’qibet, miynetsu’ygishlik siyaqli barliq insaniyliq pa’ziyletler, en aldi menen, shan’araqta qa’liplesken».

Haqiqattan, SHig’istin’ ulli alimlari ha’m oyshillarinin’ esaplang’an Abu Nasr Farabiy, Abu Rayhan Beruniy, Abu Ali ibn Sina, Yusuf Has Hajib, A’lisher Nawayi, Husayn Voiz Koshifiy, Zahiridding Muhammad Babur, Rizouddin ibn Faxruddin, Ahmad Danish, Abdulla Avlaniy, Fitrat ha’m basqalardin’ shig’armalarinda Orayliq Aziyada jasap atirg’an xaliqlar, tiykarinan, o’zbek xalqinin’ shan’araqliq turmisi, ondag’i o’z-ara mu’na’sibetlerinin’ (ayriqsha er-hayal) milliy psixologiyaliq o’zgeshelikleri, er-hayaldin’ burish ha’m waziypalari, shan’araqtin’ turmis ta’rizi, ta’rbiyaliq ortalig’i ha’m basqalar xaqqinda qimmatli pikirler bar.

SHan’araqliq turmis ha’m ondag’i shaxslar araliq mu’na’sibetler ma’deniyatina ta’n ma’seleler ulli alimlar Muhammad ibn Ismail Buxariy, At-Termiziy do’retiwshiliginde ha’mde tasavvuf filosofiyasinin’ u’lken alimlari

bolg’an Ahmad YAssaviy, Baxovuddin Naqshband, Najmiddin Kubro tariqatlarinda ha’m ken’ jaratilg’an.

SHig’is oyshillarinin’ ilimiy-ma’deniy miyrasin u’yrener ekenmiz, olarda bayan qiling’an turmisliq qag’iydalari, ondag’i shaxslar araliq mu’na’sibetler ma’deniyati, perzent kamalati, erkek menen hayal mu’na’sibeti, insaniyliyq pa’ziyletlerinin’ qa’liplesiwi haqqindag’i qimmatli pikirler shig’is xaliqlari, tiykarinan, o’zbek xalqinin’ awizeki do’retiwshiligi, eposinin’ (o’zbek xaliq maqallari, ertekleri, dastanlari, a’psanalari, ra’wayatlari) u’zliksiz baylanislig’i tiykarinda quralg’an ilimiy-ma’deniy miyras ekenligin ko’remiz.

O’zbek xalqinin’ awizeki do’retiwshiligi ha’m eposlarinda ma’rtlik, hadalliq, kemtarliq, isenim, muhabbatg’a sadaqat, dosliq, a’dalatliliq, miynetsu’ygishlik, ha’m pikirlilik, arastaliq, go’zalliq, aqilliq, isenim, hu’rmet-iqtiram, shan’araq abroyi ha’m maqtanishin’ qoriklaw, tuwilg’an jayina muhabbat, jaqsiliqqa umtiliw, ha’dal ha’m pa’k jasaw ullilang’an. Bul waqiyaliqti biz Alpamis, Kuntug’mish, Go’ruli, Aysuliw, Layli ha’m MAjnun, YUsuf ha’m Zulayha siyaqli qatar o’zbek xaliq da’stanlarinin’ qahramanlari misalinda ko’riwimiz mu’mkin.

«A’yyemgi eposlarda hayalar menen erkekler ten’ sotsial oring’a iye shaxslar sipatinda sa’wlelenedi, xayalar erlerinen qalispaytug’in ku`shlili qilip su’wretlengen».

Su’yip turmis quriw, muhabbaqta wapadarliq, shan’araqliq tatiwliq siyaqli insaniyliq o’zgeshelikler Orta Aziya xaliqlari, tiykarinan, o’zbek uriwlari ha’m illetlerinin’ xarakterli o’zgesheligi sipatinda saqlanip qalg’an.

Ma’lim bolganinday, muqaddes dinimiz islamda, onin’ tiykarg’i derekleri esaplang’an qurani Ka’rim ha’m Ha’dislerde ha’m shan’araqliq turmis ha’m er-hayal mu’na’sibetlerinin’ barliq ta’repleri haqqinda qimmatli mag’liwmatlar ha’m shariy nizamlar jaratilg’an. Islamda bolajaq shan’araqtin’ payda boliwi ayriqsha itibar berilgen. SHa’riat boyinsha nekeden o’tiwde to’mendegi qag’iydalarg’a a’mel qiliw tiyis bolg’an. 1. Nekeleniwshilardin’ o’z-ara razilig’i. 2. Neke jasina toliw. 3.Nekeni guwalar qatnasiwinda du’ziw. 4. Kelin ushin qalin ha’m mahr to’lew. 5. Diniy isenim birligi. 6.Nekeleniwshiler jaqin qarindas bolmaslig’i. 7.

Tabaqa boyinsha ten'lik. 8.Nekeden o'tiwshilerinin' ruwxiy ta'repinen salamat boliwi.

Bul sha'rtlerge a'mel qilinip du'zilgen neke g'ana xaqiqiy esaplanip, ta'replerdi tiyisli huqiq ha'm ma'jbu'riyatlar menen ta'miyinlengen.

Qurani Karimda shan'araqtag'i er menen hayaldin' orni belgilep berilgen. SHaraiat hu'kiminshe, er menen en' aldi menen shan'araqtin' barliq materialliq ha'm ruwxiy ta'replerine juwapker, oni shetten bolatug'in ha'r qanday xurujlardan qorg'aytug'in shaxs. Mine solar ushin ha'm erkek kisi ushin pa'ziylet esaplanmish awir-basiqliq, shan'araq ro'zg'ar tebritewdegi isbilermenlik siyaqli sipatlar barlig'i sebepli ol shan'araqtin' baslig'i sanaladi. Jaqsi hayal diyanatli, erdin' u'yin abbat qilatug'in ha'm og'an bir o'mir sadaqatli bolgan xayallar. qurani Karimdan er-hayal shan'araqliq mu'na'sibetlerge ta'n misallardi ko'plep keltiriw mu'mkin.

Xa'tte a'wladlarimizdin' muqaddas dini esaplang'an zardushtiylikda ha'm neke ha'm shan'araqliq burish ma'selesi za'ru'r a'dep-ikramliliq orinda turg'an. Zardushtiylikte ko'p hayalliq qatan' ma'n etilgen. Usi waqitta o'mirdi boydaq o'tkeriw ha'm qaralang'an. Balag'atqa jetken qiz ata-ana ha'm ja'ma'a'ttin' rayi pisent qilmay, qa'sttavn turmisqa shiqmay ju'rse, ol qapg'a salinipib, g'o' darra keltekleniw menen jazalang'an. Eger erkek kisi usi joldi tutsa, og'an tamg'a basilip badnam qiliw maqsetinde beline shinjir baylay ju'riwge ma'jbu'r etilgen. Avestoda aytiliwinsha, erkek en' aldi menen u'yleniw ushin materialliq ha'm ruwxiyliq ta'repinen toq ha'm muqaddas kitabda shan'araq quriw, jubin halal tanlawda asiqmasliqqa jol qoymasliq, ata-analar, u'lkenler ma'sla'ha'tina qulaq saliw tiykarinda ha'm diqqatqa sazawar oylar bar. Sonin' menen birge, onda neke ha'm talaqtin' (ajraliwdin') o'zine ta'n o'lshemleri birme-bir keltirip o'tilgen.

Zardushtiyliktin' a'dep-ikramliliq o'lshemleri jiyindisinda hayallar ma'selesine ha'm ayriqsha orin berilgen. Zardushtiylikte shan'araq muqaddas sanalg'ani ushin basqa sebeplere ko're, tiykarinan, ig'vo, toqmat, er-hayaldin' o'z-ara kelispewshiligine, ata-ana menen shig'isa almasliq ba'nesi menen nekeni biykar qiliwg'a jol qoyilmag'an.

Uliwma, zardushtiylikte ha’m, islamda ha’m nekeden eki ta’rep ten’ ha’m mu’na’sip boliwi aytip o’tilgen. Neke ta’rtipleri ha’m turmisliq ta’jiriybelerine ko’re, kelin ha’m ku’yew na’sil-na’sibenen, sotsial orninan, bilim-saviyadan, did-parasatta, ilim-isenimde, mulkdarliqta bir-birlerine ten’ boliwi maqul tabilg’an. Sonin’ ushin, SHig’is xaliqlarinda jaslardi shan’araqliq turmisqa tayarlawda, olarda birinshi na’wbette insaniy pa’ziyletler qa’liplesken boliwi, shan’araqtin’ muqaddas ekenligi, oni abaylap-asiraw u’y bekelerine baylanisli haqqinda a’wladlarimizdan bizge shekem jetip kelgen pandnama ha’m hikmetnamalarda ta’rbiyaliq a’hmiyetke iye bolg’an qimmatli na’siyatlar gu’rrin’ qilinadi.

Tiykarinan, turk alimi YUsuf Tavasliy toplag’an «Hikmetler g’a’ziynesi» degi kelin boliwshi qizg’a beriletug’in ana na’siyati kisinin’ itibarin o’zine tartadi. Onda ana turmisqa shig’ip atirg’anqizina to’mendegilerdi na’siyat qiladi: «Balajanim, su’yikli qizim, meni jaqsilap tin’la. Na’siyat bilmegen u’yretedi, bilgenin esine saladi. Allah bergen nizamg’a ko’re, turmisqa qa’dem qoyatug’in ha’r bir qiz erge, ha’r bir erkek hayalg’a mu’ta’j boladi. Erkekler hayal ushin, hayallar erkek ushin jaratilg’an. Turmis bar eken, bul nizamdi hesh kim buza almaydi. Usi sebepli sen tuwilip o’sken ha’m u’lkeygen u’yinnen, jayrap-jasnap, oynap-ku’lik ju’rgen jerin’den shig’ip, o’zin’ bilmeytug’in, biytanis u’yge barasan. Keleshekte bul u’y seniki. Sen Erine sonday xizmet qilqi, ul ha’m sagan qul bolsin. Sen og’an jer bolki, ol sag’an aspan bolsin.

Aytqanlarima a’mel qilsan’ erin’ menen go’zzal turmis keshiresizler, baxtiyar ha’m saadatli turmis ko’rsizler. Bizler ha’m (ha’r eki shan’araq bizin’ ha’m, erin’nin ha’m shan’arag’i) huzur-halavatda bolamiz. Bolmasa eki shan’araqta ha’m tinishliq bolmaydi. Sen o’zin’ ha’m dozaqda jasag’anday bolasan.

Qizim, endi sag’an aytatug’in on u’gitime qulaq sal. Bulardi ba’rqulla yadin’da tut:

1.qanaat iyesi bol. O’z halina shukir qil. YAg’niy, erin’ u’yge ne alip kelse, ol ga jeytug’in, ga kiyetug’in na’rse bolsin, xushpeyillik menen, go’zzal a’dep menen qabil qilip alA’ Erin’ge ra’hmet aytstib, xushnudlik ko’rset. Baxitli turmis

keshiriwdin' bir joli o'z halina shukir etmaqliqdir, halina shukir etpegen o'z na'pisini tiymegen kiside kewil tinishlig'i, qa'lb ra'ha'ti bolmaydi.

2.Ku'yewine boysin, qil degen jumislar qil, qilma degenin qilmaA' YAg'niy, erin' menen sa'wbetleskende, so'yleskende boysiniwshi boliwdi, onin' so'zlerin a'dep menen tin'lap orinlawin senin' so'ylewin, qulaq saliwinan tu'sinip alatug'in bolsin. Sonda Allah tala sennen xushnud ha'm u'yin'iz saadat nurinan janip turadi.

3. Erin'nin` ko'zi tu'setug'in jaylarg'a jaqsi itibar ber YAg'niy, u'ydin' ishini, sirtin ju'da' taza tut, sonday qil, erin'di ko'zine bir shirkin jer ko'rinmesin.

4.U'st-basin'di taza tut. Erin' tek jaqsi iyisti sezsin, jaman iyis kelmesin. Jaman iyisler erin' ko'z aldinda senin' abiroyindi tu'siredi. Sennen jirkeniwge sebeb boladi. sonni javqsi bilgiki, tazaliq ha'm zariflik en' jaqsi na'rseler, insan ko'zine xush ko'rinishlik solar bilan.

5. Awqatti waqtinda tayarla. YAg'niy awqatlaniw waqtin hesh qashan keshiktirme. Erin' qashan awqatlaniwg'a u'yrengen bolsa, usi waqitta awqatti tayarla. Ol keliwi menen da'rriw da'sturxan sal. Sonni jaqsi bilin'ki, ashliq insannin' tez ashiwin keltiredi.

6.Uyqi waqtin, oyaniw waqitin jaqsi bilip al, yag'niy, onin' qashan uyqig'va jatiw waqti bolsa, ornin tayarlap qoy. Uyqisizliq insandi qapa etedi. Nervlerinin' buziliwi, qapa adamlardin' iqtirasin, muhabbatin a'ste-seykin so'n'diredi.

7. Erin'di mali ha'm zatina ju'da' itibarli bol yag'niy, erin'di mal du'nyasin jaqsi saqla, zatlarin avayla, qorg'a. Onin' mal du'nyasi senniki. Erin'di mal du'nyasin zaya qilmasliq jumis biliw ha'm qa'dirine jetiw demek.

8. Erin'di qarindas ha'm jaqinlarina hu'rmet ko'rset yag'niy, erin'di qarindaslari ha'm jaqinlarina hu'rmet-onin' itibarin qazanmaq demek. Olardi hu'rmet qiliw-erin'di hu'rmet qiliw demek. Bul qadir ha'm itibar qazaniw.

9.Erin'nin' sirin basqalarg'a aytpa, erin'din' bazi sirlarin bilgen waqtinda iqtiyat bolip, oni saqlap, birewlerge aytip ju'rme. Eger aytip qoysan', onin' g'a'zebin keltirip qoyasan, isenimin jog'altasan. Bunda tuzip atirg'an shan'arag'in'iz buziladi.

10. Erin’di dinige tuwri keletug’in barliq buyriqlarin orinla. Hesh qashan og’an boysinmawshi bir ha’reket bolmasin. Eger bir sonday ha’reket bolsa, sag’an kin saqlap, aqiri duspan boladi. ol sag’an duspanliq jolin tutsa, sen ha’m ko’p ziyan ko’resen ha’m qolin’dan hesh na’rse kelmeydi».

Ko’rinip turiptiki, xaliq awizeki do’retiwshiligi ha’m diniy ideyalar ha’mde hikmatnamalar awizeki ta’rizde a’wladdan-a’wladqa ko’ship, sayqallasqan halda saqlanip kelgen bolsa, xalqimiz arasinan jetisip shiqqan danishmand ha’m alimlar a’ne sonday qimmatli mag’liwmatlardi xaliq da’stu’rleri ha’m qa’diriyatlarina tayang’an halda o’z shig’armalarinda sa’wlelendirge halda ilimiy-ma’deniy miyras sipatinda kelesi a’wladlar ushin qaldirg’anlar. Olardan biri- ja’ha’n ilim-pa’ni g’a’ziynesine mu’na’sip u’les qosqan alim Abu Nasr Farabiy.

Abu Nasr Farabiy ja’miyet rawajlaniwi nizamliqlarin ha’m insan kamalati basqishlarin, insanlar jasaw protsessinde baxit-saadatqa erisiw jollarin o’zinin’ belgili shig’armasi «Fozil odamlar shahri» da bayan etedi. Farabiy aqil insanlar haqkinda so’ylep, «Aqilli dep sonday kisilerge aytiladiki, olar pa’ziyletli, o’tkir oylawshi, paydali islerge berilgen, jaman islerden o’zlerin shetke alip ju’rediler. Bunday kisilerdi aqil deydiler» degen edi. Alim aqillar bar jayda hesh qashan mashqalalar ha’m kelispewshilikler bolmaslig’ina ishara qiladi. Onin’ ideyalarinda shan’araqtin’ toliqlig’i, onda payda bolip atirg’an salamat ruwxiyliq ortalig’inin’ a’hmiyetin sa’wlelendiretug’in pikirler ha’m bar. «Ha’r bir insan o’z ta’biyat menen sonday du’zilgenki, ol jasaw ha’m joqari da’rejedegi jetiklikke erisiw ushin ko’p na’rselerge mu’ta’j boladi. Ol bir o’zi bunday na’rselerdi qolg’a kirite almaydi, olarg’a iye boliw ushin insanlar ja’ma’a’tine iqtiyaj tuwiladi. Bunday ja’ma’a’t ag’zalarinin’ xizmeti bir pu’tin halda olardin’ ha’r birine jasaw ha’m jetiklikke erisiw ushin za’ru’r bolg’an na’rselerdi jetkerip beredi» yaki «Adamlarg’a qarag’anda olardi birlestiriwshi baslawish tiykar insaniyliq. Haqiqiy baxitqa erisiw maqsetinde o’z-ara ja’rdem qiliwshi kisilerdi birlestirgen qala (bizin’she, shan’araq) pa’ziyletli qala, baxitqa erisiw maksetinde birlesken kisiler ja’ma’a’ti (bizin’she, shan’araq ja’ma’a’ti) pa’ziyletli ja’ma’a’t».

Farabiy kereksiz u'rip-a'detlerden (ha'zir ha'm shan'araqliq turmista, er-hayal mu'na'sibetlerde ushiraydi) wa'z keshiw, baxit saadatg'a erisiw jollari haqkinda sonday deydi : «Basshilar (er yaki hayal) jaman a'detlerdi o'zinde sa'wlelendiriwshi o'tmishti ha'm o'zgertiriwi kerek. O'tmishti talaplarina a'mel qilip, onin' keypiyati saqlansa, turmista hesh qanday jen'illik, o'zgeris ha'm o'siw ha'm bolmaydi». YAki «Baxit-saadatqa erisiw jolinda ne bolsa (bilim, moral, ka'sip-o'ner) ja'rdem berse, oni saqlamaq, bekkemlemek, ne ziyanli bolsa, oni paydali na'rsege aylantiriwg'a ha'reket qiliw tiyis».

Biz izertlewlerimizde u'yrenetug'in mashkala qarasinan qaraytug'in bolsaq, Farabiydin' insan kamalati, onin' ja'miyettegi, shan'araqtag'i orni, jaslardin' wayag'a jetiwine ta'siri tuwrisindag'i pikirleri, insanlar ja'ma'a'tindegi o'z-ara birlik, ja'rdem haqqindag'i hikmetleri ha'zirgi shanaraqliq turmis ma'selelerin sheshiwde ondag'i mu'na'sibetlerdi tuwri jolg'a qoyiwda pa'rawan turmis keshiriw ushin da'sturila'mel bolip xizmet qiladi.

Abu Rayhan Beruniy o'z qaraslarin sa'wlelendirgen tutas ta'liymat jaratmag'an bolsa-da, biraq ol sotsial ma'seleler boyinsha o'zinin' qarasin ko'pshilik entsikolpedik shig'armalarinda izxar etiwge yaki olar ju'zesinen kritikaliq pikirler aytiwg'a ha'reket qilg'an. Abu Rayhan Beruniydin' belgili qaraslari shan'araqliq turmis, shan'araq ha'm neke, shanaraqliq qa'diriyatlari ha'm onin' ag'zalari ortasindag'i mu'na'sibetlerge ta'n. Bunday qaraslardi Beruniy hikmetlerinde ha'm ushiratamiz. «Jaqsi minez jaqsiliq alamati». «Buziq niyetli ha'm jamal a'dep-ikramli kisiler ortag'i kirip aliwi menen jumis tuwri bolmaydi». «Ten'lik hu'kim su'rgen jayda satqin, aldamshi iqtiraslar, g'am-g'ussa bolmaydi». SHan'araqliq mu'na'sibetlerde a'ne sonady hikmetlerge a'mel qiliwimiz maqsetke muwapiq. Beruniy Orta Aziya, A'yyemgi YUnon ha'm Hind xaliqlari turmisin jaqsi bilgeni ushin olar a'mel qilatug'in u'rip-a'detler, qa'diriyatlar ha'm milliy ma'deniyatlarinin' o'zine ta'n ta'replerin salistirip taliqlaydi. Usi taliqlawlar shan'araq-neke, shan'araqtag'i o'z-ara mu'na'sibetlerge ha'm ta'n. Tiykarinan, ol shan'araqlardin' «poligamiya» (erkek yaki hayal bir waqittin' o'zinde birewden artiq er yaki xayalg'a iye boliwina jol qoyilatug'in neke formasin bildiredi) turi

haqkinda ha'm qimmatli mag'liwmatlardi keltiredi. Misali, qubla Hindistan ma'deniyatinda erkekler biologiyaliq qarasinan ataliqti ornatiw menen qiziqmag'anlar. Olarda balag'a ataliq su'wretin a'melge asiriw waqtinda oqli oq jaydi eki qabat hayalg'a ta'nta'neli ra'wishte bergen erkek balanin' atasi esaplang'an. Eger keyinshelik basqa bir erkek balaga ataliq qiliwdi qa'lep qalmas, bul su'wret hayaldin' na'wbettegi eki qabatlig'inda qaytalang'an. Bul mag'liwmatlar izleniwshilerge sotsial tariyxiy rawajlaniw dawaminda shan'araqliq turmistin' qa'liplesiwi, shanaraq-neke mu'na'sibetlerinin' turaqlasiwi ha'm monogamiya shan'araq turinin' kelip shig'iwi tariyxi haqkinda ilimiy oylawlar qa'liplesiwine ja'rdem beredi.

Beruniy qaraslarinda shan'araqliq mu'na'sibetler turaqlilig'inin' jetekshi faktorlari aqilliq ha'm miynetsu'ygishliktin' a'hmiyeti haqqinda ha'm qimmatli pikirler bar». Belgili waziypalardi orinlaw za'ru'rligi insan xizmetinin' bir o'mirge jasaw qag'iydasi. Insannin' qadir-qimmati o'z waziypasin ag'la da'rejede orinlawdan, sonin' ushin ha'm insannin' en' tiykarg'i waziypasi ha'm orni miynet menen belgilenedi. Insan o'z qa'lewine miynet arqali erisken».

Usi mashqalag'a ta'n pikirler Abu Ali ibn Sinanin' «Donishnoma», «Risolai ishq», «Tib qonunlari», «Uy xwjaligi» siyaqli qatar shig'armalari Orayliq Aziya xaliqlari a'dep-ikramliliq, ta'rbiya psixologiyasi, filosofiya ha'm meditsina a'leminde ayriqsha orin tutadi. Ibn Sina shan'araqli mu'na'sibetlerinin' tu'rli ha'm za'ru'r ta'replerin ko'rseter eken, en aldi menen shan'araq baslig'i –erdin' juwapkershiligi waziypalarina itibarin qaratadli. Onin' pikirinshe, birinshi na'wbette er shanaraqtag'i ta'rbiyaliq jumislarg'a ta'n ha'm teoriyaliq, ha'm a'meliy mag'liwmatlarg'a iye boliwi sha'rt. Sonda g'ana, ol haqiqiy shanaraq baslig'i bola aladi. Er-hayal mu'na'sibeti ten'lik, birlik ha'm o'z-ara hu'rmet tiykarinda quriliwi haqqinda toqtalip, «Erkek kisi shan'araq baslig'i, ol shan'araqtin' barliq iqtiyajlarin qandiriwi tiyis, bul onin' birlemshi waziypasi. Hayal erkekti jaqsi, mu'na'sip joldasi ha'm bala ta'rbiyasi barisinda en' jaqsi ha'm ja'rdemshi» dep jazadi Ibn Sina.

Ibn Sina shan’araqli mu’na’sibetler shan’araqtag’i tatiwliq, mehir-a`qibet, shan’araq maqtanishi ha’m shani ko’p ta’repinen xayallarg’a ha’m baylanisli ekenligi haqinda jazg’an. Tiykarinan, «SHan’araq xojalig’i» shig’armasinda hayallar moraldi en’ maqul, joqavri insaniy pa’ziyletlerge iye bolmaqlari tiyis, dep jazadi. Usi shig’armanin’ «Hayallardin’ jaqsi pa’ziyletleri haqqinda» atli bo’liminde olardin’ to’mendegi pa’ziydetleri bayan qilinadi : hayal aqlan dana, uyatshan, ibali, iffatli bolip, ko’p so’ylemesligi tiyis, ol ku’yewine boysiniwi, oni su’yiwi, perzentler tuwip, ba’rqulla ha’da’l, pak, tuwri so’z, kemtar boliw kerek, injiq bolmaslig’i, o’z iffat ha’m abiroyin to’kpewi tiyis, ol hesh qashan ku’yewine dimag’darliq, viqor sezimin ko’rsetmesligi, o’z islerin jaqsi, o’z waqtinda orinlap, shan’araqtin’ materialliq bayliqlarin tejemkerlik penen isletiwi tiyis, o’z minez-qulqi menen o’z ku’yewinin’ qa’lbinde qayg’uriw sezimine orin qaldirmawi kerek («Ibn Sina va ta’dbiri ma’nzil»).

Oyshil alimnin’ salamatliqti saqlawg’a ta’n shig’armalarinda jinisiy baylanislardin’ o’lshemleri, og’an qatan’ a’mel qiliw, jinisiy mu’na’sibetlerde o’zgeriwdin’ sebepleri, olardi jolg’a qoyiw ila’jlari haqqinda ha’m qimmatli ko’rsetpeler berilgen. Onin’ pikirinshe, er-hayal olardi yadda tutiwi ha’m og’an a’mel qiliwi shanaraqli mu’na’sibetler turaqlilig’ina jaqsi ta’sir ko’rsetedi. Sonin’ menen birge, Ibn Sino «Kito bush-shifo» shig’armasinda shan’araq krizisi ha’m buziliwina sebep bolatug’in faktorlardi ha’m ko’rsetip o’tken. Bularg’a :

1. Egerde er ha’m hayalliqtan perzent du’nyag’a kelmegen bolsa;

2. Egerde hayal erine qiyanat qilip, onin’ itibarin to’menletse;

3.Hayal kisi ta’rbiyasi bolsap, ta’rbiya aliwin qa’lemese;

4.Er ha’m hayal bir-birlerine jaqmaytug’in ta’biyatli bolsa.

Ko’rinip turiptiki, Ibn Sina shig’armalarinda shan’araq-neke ha’m shan’araqliq turmista er-hayal mu’na’sibetlerin ibratli misallar tiykarinda jaritiwg’a ha’mde xayallar orni ondag’i mu’na’sibetlerde za’ru’r orin tutiwin tiykarlap bergen.

Kaykavus qa’lemine ta’n «qabusnama» shig’armasi (1082 - 1083 jillarda jazilg’an) SHig’is xaliqlari arasinda ma’lim ha’m belgili. Qabusnamada qatar

ibratli ha’m turmisliq pa’nt-na’siyatlar menen birgelikte «Muhabbat ha’m onin’ a’detleri zikrida», «Hayal almaq zikrida» ha’m qimbatli mag’liwmatlar berilgen. «Ey, farzand, to kishining ta’bi latif bwlmaguncha oshiq bwlmag’usidir, nedinkim ishq beshak ta’bi latiflikdan paydo bwlur. Har narsaki ta’bi latiflikdan paydo bwlsa, ul beshak latif bwlur». Bull jerde insannin’ qa’lbi taza, pa’k ha’m a’dep-ikramliliq ta’repinen joqari bolsa, onin’ kewli, sipat ha’m pa’ziyletleri ha’m, sezimlik keshirmeleri ha’m taza ha’m shirayli boliwina ishara qiling’an. «Bas, eger ashiq bolsan’ sondaq kisige bolki, ol mashuqalikka ilayiq bolsin». Bunda bolajaq er-hayaldin’ nekesine shekem da’wirinde bir-birin ko’rip-bilip, sinap mashuqanin’ aqila, arasta, tejemker, sa’ra’njam-sarishta, bala ta’rbiyasin, u’y-ro’zg’ar jumislarin ornina qoyatug’in kemterin ha’m erine sadaqatli boliwin na’zerde tutiladi.

«Ey, perzent, eger hayal almaq tilesen’, o’z hu’rmetdi jaqsi saqlag’il. Mal a’ziyz bolsa ha’m hayal ha’m perzentindi dariq tutma. Biraq hayaldi pa’k dil, perzentti parmanbardar ha’m mehriban tutgil. Bul is senin’ qolin’dadir». Bul orinda hayalg’a ta’n mu’na’sibette boliw erdin’ iqtiyarinda ekenligi eskertirilgen.

«Hayal talap qilsan’, hayaldi malin talap qilmag’il, hayal pa’k nixod (taza ta’biyat ha’m pa’k dil) bolsin. Kadbonu (u’y biykesi ha’m isshen hayal) erine dos bolg’ay. Hayolig’, taqvadar, tili qisqa, maldi jaqsi saqlawshi bolsin. Debdurlarki, jaqsi hayal erinin’ ha’m o’mirinin’ ra’ha’ti bolur». Bunda bolg’isi turmis ortag’in tanlawda erinin’ aldindag’i juwapkershilik ha’m la’tif hayal boliwg’a ta’n pa’ziyletler bayan qiling’an.

«Eger sen hayalina rashklik qilmasan’, ol sag’an sa’mimiyat menen mu’na’sibette bolur. Ol sag’an ata-anan’ ha’m perzentlerin’den ha’m mushfiqroq bolur ha’m sag’an onnan dosraq kisi tabilmas. Eger og’an g’ayirraq (rashk, qizg’anish) ko’rsen’iz, sag’an min’ duspannan duspannroq bolur ha’m biygana duspannan hazar qilsa bolur, biraq onnan hazar qilip bolmas». Bunda er-hayaldin’ o’z-ara mu’na’sibetlerin qarama-qarsiliqlarinin’ qa’liplesiwine alip keliwshi sebepler ha’m faktorlar haqqinda so’z beredi.

YUsuf Xas Hajibtin’ belgili shig’armasi «qutadg’u bilig» («Baxt-saadatqa jollawshi bilim») da er yaki hayal tanlawda onin’ qaysi sipat ha’m pa’ziyletlerine

itibar beriw za’ru’rligi, insan shaxsina ta’n o’zgesheliklerinin’ shan’araqliq turmisin basqariwdag’i orni ha’m a’hmiyeti, er-hayal mu’na’sibetlerinin’ o’lshemleri, pa’rwan turmis keshiriwdin’ za’ru’r sha’rtleri haqkinda kimmatli pikirler aytilg’anki, olar ha’zirgi shan’araq turmisi ha’m er-hayal mu’na’sibetleri ushin ha’m a’hmiyetli. SHig’armada «Sen hayal alsan’, o’zin’nen quyisin al, zati zati jaqsi bolsin, uyatli, andishali, pa’kizasin qa’legen».

«Juzi shirayin qa’lemes, minezi jaqsin qa’lese, minez-qulqi jaqsi bolsa, senin’ ju’zin’di jaritadi. Minez-qulqi jaqsi bolsa, ol to’kis boladi. Minez-qulqi tuwri bolsa, ju’da’ mu’na’sip boladi, hayal shirayi minezli, buni bilgen biledi».

«Eger jaqsi a’ndisheli xayal tabiwg’a muyassar bolsan’, bay berme (da’rha’l al). Kisi a’ndiysheli, pa’kiza bolsa, onday kisi asl boladi. Sen hayaldin’ a’ndiysheli-aqillisin qale, a’ndiysheli, aqilli hayal tabilsa-pa’rasat, a’ndiyshe, bayliq, shiray, na’sil-na’sap jam boladi. Sen hayaldi qa’dirli tut, ne sorasa tayar et».

Egerde hayal menen bir qatarda er ha’m bilimdan, parasatli, aqilli, ziyrek boliwi, shan’araq ta’rtibin saqlaw ha’m oni juritiwde ta’rtipli (ta’rtip ornatiwshi), oni baqlap bariwi kerekligi, shan’araqtin’ ekonomikaliq ta’repinen toliqlig’in ta’miyinlewshi, hayalina ha’m perzentlerine mehriban, jaqsi qarim-qatnasta, tuwri so’z boliwi ushin pa’rwanlig’i ha’m turaqlilig’in ta’miyinlewshi za’ru’r faktor ekenligi ayriqsha aytip o’tilgen.

A’lisher Nawayi «Mahbul ul qulub», yag’niy «qalblar sevgilisi» ha’m «Vaqfiya» shig’armalarinda shan’araqliq turmis menen baylanisli erkek ha’m xayaldin’ waziypalari, burishlari, o’z-ara mu’na’sibet-so’ylesiw ma’deniyati, olardin’ muwapiqlig’i ha’m muwapiq emesligi, onin’ a’qibetleri haqkinda qimmatli na’siyat ha’m mag’liwmatlardi jazip kaldirg’an. Tiykarinan, A’lisher Nawayi «Mahbul ul qulub» shig’armasinin’ «Uylanganliq ha’m xayallar tuwrisinda» g’i 37 faslda xayaldin’ pa’ziyletleri ha’m onin’ shan’araqtag’i orni haqkinda to’mendegilerdi jazadi:

«Erkek menen xayal bir-birine mas tusse, ortada bayliq ha’m sa’ranjemlik bolur, u’y bezegi onnan ha’m u’ylengeninin’ (erkektin’) tinishlig’i onnan.

SHirayi bolsa, kewline jag'imli bolur, jaqsilig'i bolsa, jan azig'i. Aqilli bolsa, turmis ta'rtipli ha'm ro'zg'ar kerek jarag'i ta'rtipli ha'm sa'ra'njemli boladi. Sonday turmis ortag'i bolsa-g'am-kulpatta sirdas ha'm ha'm da'm bolur, sirli ha'm jasirin' da'rt ha'm ma'shaqatta birge bolur. Turmistan ha'm japa jetse, ha'sratdash ul ha'm aspannan ha'r bir bala else, ko'mekdash ul. Kewlin' g'amidan ul gam shekedi.

Nasaz jup u'y ushin ashiq ha'm jasirin qorqinishli kesellik. Uyatsiz bolsa, kewil onnan azarlanadi, jaramas bolsa, ruh onnan azap tartadi. Tili jaman bolsa ku'yewinin' kewli jaralanadi, jaman islik bolsa, erkek ju'z karaliq keledi. Mayxor bolsa, u'y abadanlig'i jog'aladi ha'm buziqi bolsa u'y ishi rasvagarlikka aylanadi».

A'lisher nawayi usi shig'armasinda (11-bo'leginde) ha'r bir kisi ushin za'ru'r bolg'an jaqsi peyiller ha'm jaman o'zgeshelikler tuwrisinda qanaat, sabir, tavoze' ha'm a'dep, muhabbat, wapa, haya, jumsaq kewillilik ha'm bir qatar jaman illetler tuwrisinda qimmatli ma'sla'ha'tlar beredi.

A'lisher Nawayinin' pikirlerin psixologiyaliq qarasinan taliqlaytug'in bolsaq, usi zamanlarda ha'm, ha'zir ha'm jigit ha'm qizlardin' o'zlerine ha'r ta'repleme mass turmis ortaq tanlawi, olarda za'ru'r sipat ha'm pa'ziyletler barlig'i shan'araqtin' baxti ha'm pa'rwa'nlig'i. Bir-birine mu'na'sip emes erkek yaki hayal shan'araqtin' krizisi.

O'z da'wirinin' jetik ulamasi Rizouddin ibn Faxruddin erkek-hayal mu'na'sibetlerinin' tazalig'i qadar za'ru'r a'hmiyetke iye boliwin aytip o'tken halda bul ma'selege sonday jantasadi. «Go'zzal qarim-qatnasta bolmaq islam shariatinin' birinshi qag'iydalarinan. Go'zzal qarim-qatnasliqtin' en' tiykarg'i bo'legi hayal menen bolajaq qarim-qatnas. qurani Karim xayallar menen go'zzal mushoirat etiwge buyirg'an. Bunday qarim-qatnas etiwshi erkektin' du'nyasi tuwri, aqirati rahat bolur.

SHan'araqliq turmis ha'm ondag'i mu'na'sibetler babinda Ahmad Danishtin' qaraslari ayriqsha itibarg'a ilayiq. Ol o'zinin' «Nodir voqealar» shig'armasinda shan'araqliq turmistin' tu'rli tarawlari, tiykarinan neke a'depleri, uyleniw sha'rtleri, muhabbat ha'm su'yishgenlerdin' a'debi, qa'ynene-kelin nizalari,

perzentlerge wa’siyat, ka’sip-o’nerlerinin’ paydasi haqkinda qimmatli pikirlerdi bayan etken. Onin’ pikirinshe, ha’r bir insan belgili jasqa jetkennen keyin onda uyleniw ha’m shan’araq quriwg’a za’ru’rlik payda boladi. Bul da’wirge kelip insan shan’araq-neke mu’na’sibetleri, shan’araqliq turmis quwanishlari ha’m ta’shiwishlerinen xabarsixz, shan’araqli baxit, penzent ta’rbiyasi, erkek-hayalliq ha’m ata-analiq burishlarin tu’sinip jetkendir. Ahmad Danish uyleniw sha’rtlerine usi da’wir ushin ta’n bolg’an o’zgesheligi turmis kuriwshilardin’ biran-bir ka’sip iyesi ekenligin, u’y-jay iyesi boliwin, shan’araq ha’m shan’araqliq turmis ma’selelerin iyellep alganliqlarin na’zerde tutadi. Usi da’wirge ta’n u’yleniw sha’rtleri (qiz ta’repinen qoyilg’an) jan’a shan’araqtin’ pa’rwanlig’i, to’kisligin ta’miyinleytug’in faktorlardan esaplang’an.

Ahmad Danish usi da’wirdegi uyleniwdin’ maqseti ha’m motivi o’zine ta’nligi, sog’an karamay, hayallardin’ ha’m erkeklerden izzet na’psi barlig’i, olar o’zlerin erkeklerden kem tutmaslig’i, sonin’ ushin olardin’ haq-huqiklarin qorg’aw za’ru’rligin aytipotedi. Ahmad Danishtin’ qaraslarinda ha’m shan’araqtin’ baxti, shan’araq pa’rawanlig’i onin’ bekkem ha’m turaqlilig’i hayalina, onin’ a’dep-ikramliliq ha’m ruwxiyliq kamalatina baylanisli.

XX a’sir Turkistan jadidshiliginin’ u’lken wakillerinen biri Abdurauf Fitrat «SHan’araq» atli shig’armasinda perzentler ta’rbiyasi, qizlar ha’m ilim aliw kerekligi ha’m bul tarawda ata-ananin’ waziypalari, uyleniw ha’m uylenmeslik, uyleniwde qanday hayal tanlaw tiyis, bolajaq er-hayal birinshi na’wbette nelerge itibar beriwi tiyisligi, er-hayaldin’ qanday jasawlari tiykarinda shan’araqtin’ maishati ha’m mekemesi, erkek xayalg’a ta’n sipat ha’m pa’ziyletler tuwrisinda turmisliq mag’liwmtalarg’a tayanip alding’i ideyalardi alding’a su’redi. Ol «millet ta’g’diri mine usi millet wa’killeri jasag’an shan’araqtin’ halatina baylanisli, qay jerde shan’araq mu’na’sibeti ku’shli ta’rtipke tayansa, ma’mleket ha’m millet usi ku’shli ha’m ta’rtipli boladi», dep jazadi.

Fitrat usi shig’armasinin’ uyleniwide qanday xayal tanlaw tiyisligi temasinda «Erkek-hayal qiyinshilig’inan ibarat bolg’an turmis saparinda birge bolip, fizikaliq ha’m psixologiyaliq tinishliqqa sherik, insaniyliq waziypalardi orinlawda dastyor,

qayg'i ha'm u'mitsizlik waqitlarinda g'amxor, savadat ha'm baxtiyarliq waqitlarinda bir-birlerine hamdam boliwlari tiyis. Sonday eken, olar a'lbette, en' aldi menen, bir-birlerin kamali diqqat ha'm ta'jiriybe ju'zesinen imtaxan qiliwlari za'ru'r. Hayal erkek halinda ha'm jigit qiz a'whalinda jaqsi g'ana xabardar bolip, keyin turmis kuriwlari tiyis  dep eskertiledi. Fitrattin' pikirinshe, uyleniw ushin ja'ne to'rt na'rsege ayriqsha itibar beriw tiyis : mal, nasap, shiray xa'm iyman-isenim. «Uyleniw armaninda bolg'an erkek menen hayaldin' mal (bayliq) lari ha'm nasaplari bir qiyli boliwi tiyis. Erkek menen hayal bir-birilerine ten' bolmay, turmisin mudam azapqa qoyadi».

SHig'is oyshillarinin' ruwxiyliq miyrasinda bunday misallardi ko'plep dawam ettiriw mu'mkine. ko'rinip turipti, shan'araq turaqlilig'ina shaxslar araliq mu'na'sibetler ta'siri ma'selesine shig'is oyshillari ha'm ag'artiwshi ziyalilari ayriqsha itibar menen qarag'anlar. Olardin' shig'armalarinda shan'araqtin' mukaddaslig'i, onin' ja'miyet turmisinda tutqan orni, shan'araq mukaddaslig'in belgilewshi za'ru'r milliy-ma'deniy ha'm milliy-psixologiyaliq faktorlar ko'rsetip o'tilgen.

Ayriqsha, shan'araqtin' tiykarin qurawshi erkek ha'm hayalg'an ta'n sipat ha'm pa'ziyletlerdin' qa'liplesken boliwi, olar shanaraqliq burish ha'm waziypalardi sadaqat menen orinlawlari, bir-birine mehriban ha' keshirimliligi en' za'ru'r qa'diriyat sipatinda ardaqlanadi.

SHanaraq turaqlilig'in belgilewshi shaxslar araliq mu'na'sibetler ta'sirine ta'n qimmatli mag'liu'matlar ha'zirgi shan'araqliq turmis ha'm onin'turaqlilig'in ta'miyinlewde ha'm za'ru'r a'hmiyetke iye b oladi.

## 1.2. Jas o`spirim ha`m ata-anasi arasindag`i qarim-qatnas ma'selelerinin' shet el psixologlari ta`jiriybelerinde u'yreniliwi.

Alimlarimiz o`z izertlew jumislarinda okiwshilar aldina to`mendegishe soraw qoyg`an; shan`araqta ata-anasi menen qarim-qatnas du`ziwinde jas o`spirimnin` sotsial-statusinin` tutqan ornina sipatlama beriw. Bul sorawdin` juwaplar variantlari bir neshe tu`rli bolip, bunda ata-anasi balasinin` o`z pikirine iye boliwina tu`rlishe qarim-qatnasta bolatug`inlig`in ko`resetken. «Ata-anam menen o`z pikirime iye boliwimdi hurmetleydi» degen juwaplar variantinda ata-ana ha`m jas o`spirim arasinda ten` huqiqli qatnasiqtin` boliwin ko`rsese, al «ata-anam menin` o`z pikirime iye boliwima qiziqpaydi» degen juwap variantinda ata-ananin` balasinan qashiqlasiw pozitsiyasinda turg`anlig`i, al «ata-anam menin` pikirime qarsi ha`m o`z pikirlerin o`tkeriwge urinadi» degen juwap variantinda ata-ananin` balag`a basim o`tkeriwi degendi an`latadi. En` son`g`i juwap variant bul «Men o`z oy pikirlerimdi ata-anama bildirmeymen» degeni ata-ananin` balasinin` qashiqlasqanlig`in bildiredi.

Soralg`an respondentlerdin` (75%) ata-anasinin` balanin` o`z pikirine iye boliwina hu`rmet penen qaraytug`inin bildirgen. Balanin` o`z pikirine iye boliwina itibar bermeytug`in ha`m ata-anasinin` o`z pikirlerin balag`a basim joli menen o`tkeriwge umtiliwlari ( 6.1 6.7 %) quraydi. Al ha`r bir oninshi (11.8 %) bala o`z oy pikirlerin ata-anasina bildirmeytug`inin aytpaytug`inlarin atap o`tken. Solay etip, ha`r bir to`rtinshi jas o`spirim ata-anasi menen qarim-qatnaslarinda qolaysizliq sezetug`inin atap o`tken. Ekinshi ma`sele, bul oqiwshilardin` ata-analarinin` eskertiwleri ta`rtip beriwlerine juwap reaktsiyasi(bul sorawlardin` na`tiyjeleri № 1 kestede ko`rsetilgen.

**Jas o`spirimlerdin` ata-analari ta`repinnen beretug`in eskertiwlerine ta`rtip beriwlerine reaktsiyasi (%) ko`rsetilgen.**

| Ata-analarinin` eskertiwlerine reaktsiyalari | Uliwma ko`rsetkish | Balal ar | Qizlar |
|---|---|---|---|
| Olardin` ne aytqanlarin | 25,4 | 31,6 | 19,1 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| tin`lap turaman | | | |
| Olardin` argumentlerin tu`siniwge urinaman. Eger olar isenimli bolsa, olar aytqaninday islewge ha`reket kilaman. | 56,1 | 53,3 | 58,9 |
| Tin`layman biraq o`z bilgenimdi qilaman | 16,0 | 14,7 | 17,3 |
| Tin`lamayman bul tek menin` jumisim | 2,6 | 2,0 | 3,2 |
| Qarsilasamam konfliktti payda etemen. | 3,9 | 3,1 | 4,7 |

Ul balalar ha`m qiz balalardin` juwaplar variantlarin qarap shiqqanimizdi ko`rsek boladi. Ul balalar ko`birek ata-analarinin` aytqanlarina ju`zeki tu`rde qaraytug`inlig`i. Olardin` argumentlerine teren` tu`singisi kelmeytug`inlig`i, birak sonin` menen birge qarsilasqisi da kelmeytug`inlig`in ko`remiz.

Jasinin` u`lkeyiwine karay «tin`layman ha`m olardin` aytqanlarin isleymen» degen juwap variantlari kemeyip baradi». Tin`layman, biraq o`z bilgenimdi isleymen» ha`m «ata-anam aytkaninday isleymen, eger olardin` argumentleri isenimli bolsa» degen variant juwaplarinin` sani ko`beyedi.

Joqarida keltirilgen mag`liwmatlarga qarag`animizda jas o`spirimlerdin` pozitsiyasi o`zgerip baradi. Jas o`spirimlerdin` o`zlerin g`a`rezsiz sezetug`ini, al ata-anasinin` aytqanin buljitpay orinlaytug`in jas o`spirimlerdin` saninin` keskin kemeyip ketiwi. Sonin` menen birge ata-anasinin` argumentlerinin` isenimli boliwin qa`leytug`inlar saninin` ko`beyiwin ko`remiz.

Solay etip minaday juwmaqqa kelemiz: jasi u`lkeygen sayin jas o`spirimlerde jas u`lkenler menen qatnasig`inda ma`nilik pozitsiyasinin` a`hmiyetli boliwi.

Demek, sotsial-stratifikatsiyaliq faktorlarg`a itibarimizdi qaratamiz.

Orta da`ra`matqa iye shan`araqta jasawshi balalar ata-anasinin` talaplarina onshelli itibar bermeydi. Joqari da`ra`matqa iye shanaraqtag`i balalarg`a salistirg`anda, bul soni ko`rsetedi joqari da`ra`matqa iye shan`araqlardin` sotsial statusi shan`araqtag`i o`z-ara qarim-qatnaslarg`a ta`sir jasawinda. Birinshiden balanin` ha`m ata-anasinin` jasi, dinamikasina karay, pozitsiyalarinin` o`zgeriwi. Eger ata-anada balasinin` jasinin` u`lkeyiwine qaramastan balasina degen qarim-qatnas pozitsiyasi o`zgerissiz qala berse, onda balanin` o`z is-ha`reketlerine baha beriwinde keskin o`zgerisler payda boladi. Jasi u`lkeygen sayin jas o`spirim ata-anasi arasindag`i qatnasiqlardi biyg`a`rez tu`rde baxalaydi. Ekinshiden, jas o`spirimnin` ata-anasi arasindag`i qarim-qatnaslarin bahalawina sotsial-stratifikatsiyalik faktorlar ta`sir jasaydi. Bul etapta jas o`spirim menen ata-anasi arasindag`i qarim-qatnaslardin` du`zilisinde de o`zgerisler payda boladi. Sebeba, ata-ananin` bul etaptag`i sotsial statusinin` uliwmaliq belgileri ko`rine baslaydi.

| **Ata-anasina ta`n is-ha`reketleri** | **Uliwma mag`liwmatlar** | **Ul balalar** | **Qiz balalar** |
|---|---|---|---|
| Basqa adamdi diqqat penen tin`law qa`bileti | 42,3 | 42,6 | 42,1 |
| Basqa adamnin` so`zin bo`lip, tin`lay almawshilig`i. | 6,6 | 5,4 | 7,7 |
| Soraw beriw arqali basqa adamnin` mashqalasin sheshiwge uriniwi. | 23,6 | 23,3 | 24,0 |
| Basqa adamnin` mashqalasina itibar bermewshilik. | 3,7 | 3,9 | 3,6 |
| Masla`ha`t ken`es berip ja`rdem beriw | 44,6 | 39,9 | 48,8 |
| Maqtaw ha`m kelisimge keliw. | 34,1 | 31,4 | 36,6 |
| Namisina tiyip mazaqlaw | 4,9 | 4,5 | 5,2 |
| Xoshametlew | 29,6 | 27,2 | 31,7 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ayiplaw ha`m sin taniw | 11,2 | 8,9 | 13,2 |
| Jaqsiliq tilew | 17,4 | 14,8 | 19,8 |
| Ayiplau, kritikalaw | 7,8 | 7,2 | 8,3 |
| Jubatiw | 23,8 | 19,6 | 27,5 |
| Na`siyat beriw | 7,0 | 5,4 | 8,5 |
| Hu`rmetlew | 18,8 | 18,0 | 19,6 |
| Qorqitiwlar | 2,7 | 3,4 | 2,1 |
| Tilekles boliw | 11,1 | 12,2 | 10,1 |
| Aldinnan eskertiw | 11,0 | 8,2 | 13,5 |
| Ko`mek beriw | 27,3 | 24,7 | 29,5 |
| Buyriq. Talaplar . ko`rsetpeler | 8,6 | 7,2 | 9,8 |

Bunda to`mendegishe ha`reketler ko`rsetilgen. (o`zgeni tin`lay biliwi, tu`siniwge ha`reket etiwi onin` mashqalasin sheshiwde ja`rdem beriw (aqil beriw, usinis jasaw, ja`rdem beriw emotsionalliq ha`reketler («maqtaw» «xoshemetlew» «mu`shkiline sherik boliw») bolsa, al jaman ta`repten baha beriw juda` siyrek ushiraydi bunnan kelip shig`adi. Ko`p g`ana shan`araqlarda jaqsi sotsial-psixologiyaliq klimattin` boliwinan. Solay etip, 7 klasstan 9 klass aralig`idag`i jastag`i balalardi baqlag`an, onda ata-anasi menen to`mendegishe qatnasiqlarinin` to`menlep ketiwin atap ko`rsetken: «o`zgeni tin`lap tu`siniw qa`bileti bolsa, al onin` ornina balalar ata-analarinda «balasin ha`r qiyli zatlardan asirap saqlaw» «taselle beriw» ha`reketlerinin` ko`birek ushirasa baslawin atap ko`rsetken.

Solay etip, to`mendegishe juwaqqa kelemiz: balanin` jasi u`lkeygen sayin ata-anasinin` olarg`a degen qatnasina balada kritikaliq ko`z-qarasinin` payda boliwi. A`sirese emotsionalliq jaqtan ata-anasinin` ha`reketlerin bala bahalaydi, (unatiw, tilekles boliw, o`zgenin` pozitsiyasin maqullaw qusag`an). Jasi u`keygen sayin ata-anasinin` og`an «suwiq» qatnasta bolip «biyitibar» tek o`zinin` pikirin o`tkeretug`in adamday bolip ko`rine baslawi. Jas o`spirimler ata-anasinin` olarg`a qollaytug`in jazalardin` tu`rlerine ko`birek itibar qaratqan. ( 3 keste)

| Ata-ana ta`repinnen balag`a qollanatug`in jazalaw tu`rleri | Uliwma mag`liwmat | Ul balalar | Qiz balalar |
|---|---|---|---|
| Baqiradi ha`m namisina tiyetugin so`zlerdi aytadi | 17,0 | 16,6 | 17,4 |
| Fizikaliq ku`sh jumsaydi | 3,0 | 3,1 | 2,8 |
| Doslarim menen so`ylesiwime ruxsat bermeydi | 3,4 | 3,7 | 3,1 |
| Mayda-shu`ydege aqsha bermeydi | 11,2 | 15,7 | 6,7 |
| Unatpag`anlig`in a`lpayim tu`rde bildiredi | 30,9 | 30,5 | 31,4 |
| Aylanip keliwime ruxsat bermeydi | 21,4 | 22,7 | 20,2 |
| So`ylespeydi, baykot ja`riyalaydi | 10,0 | 6,2 | 13,9 |
| Ata- anam uliwma meni jazalamaydi | 21,7 | 20,5 | 23,0 |

Jas o`spirimlerdin` juwaplari (%) ko`rsetilgen: «Ata-anan`iz sizlerge qanday tu`rdegi jazani ko`birek qollanadi» degen soraw.

Bug`an jas o`spirimlerdin` ten` jarstisi «ata-anam urispaydi, baqirmaydi» dese basqalari «ata-anam meni hesh qashan jazalamaydi» degen ha`r bir besinshi bala ata-anasinin` jaman so`zler menen baqiratug`inin aytqan. Bul ata-ananin` konfliktlik jag`dayda psixologiyaliq jaqtan o`zin uslay almaytug`inin ko`rsetedi. Genderlik analiz soni ko`rsetti; ata-ana er balag`a materialliq jaqtan jaza qollanatug`in eken (aksha bermew), al qiz balalarg`a-psixologiyaliq jaqtan ta`sir jasaydi (baykot, so`ylespew) bul jag`day juda` qiziqli, sebebi kiz balalar «o`zgenin» psixologiyaliq jag`dayina tez kewil boledi. Sonin` ushin ata-analari kiz balalarg`a o`zlerinin` qapa bolg`anin, uwayimlap qiynalip atirg`anin qizi menen

qatnasiqlardi u`zetug`inin bildirgisi keledi. Joqari klassqa o`tken sayin jas o`spirimler konfliktlik jag`daylarda ata-anasinda naraziliktin` ku`sheyip ketetug`inin atap ko`rsetken. A`sirese ul balalardin` juwaplari kizikli. Eger 7-klass balalarinin` 2.4% ata-anasinin awir so`z so`ylep bakiradi dese, al 9-klassta bunday juwap beretug`in balalardin` sani 17.3 % ko`beygen. Al jasi u`lkeygen sayin ata-anam menin` qidirip aylanip keliwime jibermeydi degen juwaplar sani azayadi 18.3 % ten 10.6 % ke. Ata-anasinin` konfliktlik situatsiyadan shig`ip kete almawi o`zlerin balasinin` aldinda qalay tutiwin bilmewinen kelip shig`adi. Demek, to`mendegishe juwmaqqa kelemiz: balasinin` jasi u`lkeygen sayin ata-ana balasin qalay qadag`alaw kerekliginin` jollarin taba almawinda.

Alimlarimiz ja`ne genderlik jasina qaray o`zgeshilikleri ha`m ata-ananin` balasin jazalaw formalarina qaray sotsial-stratifikatsiyaliq faktorlardin` ta`sirin qarap shiqqan. Bul shan`araqtag`i ata-analarinin` ortasindag`i qatnasinda ko`rinedi. Shan`araqta a`kesi bar ha`m birge jasaydi biraq ajirasqan bolsa onda bunday shan`araqta ul bala narazilig`in juda` keskin tu`rde ko`rsetpeydi 36.0 ha`m 11.4 % biraq ajirasqan ata-analari ortasindag`i konfliktlerdin` payda boliwi balag`a ta`sir etedi. Qiz balalarg`a shan`araqtin` toliq bolmawi o`zgeshe ta`sir jasaydi.

Pu`tin toliq bolg`an shan`araqtag`i qizlar ata-anasinin` olarg`a onsha baqira bermeytug`inin awir so`z aytpaytug`inin atap o`tken. A`kesiz shan`araqtag`i qiz balalar anasinan namisina tiyetug`in awir so`z benen baqiris esitetug`inin aytqan 16.5 ten 35.3 % ti. Soni juwmaq etip aytsaq boladi a`kesi jok shan`araqta anasi qizi menen bolg`an konfliktlerdi sheshiwi qiyin bolip o`zin qizi menen qalay uslawdi bilmeydi. Balasinin` jasi u`lkeygen sayin ata-anada balasin tu`siniw, ja`rdem beriw qollap quwatlaw tu`siniklerinin` jog`alip bariwin ata-anasinin` balasi menen dialog du`ze almaw jag`dayin ko`remiz.

Solay etip, to`mendegishe juwmaqqa kelemiz: ata-ana balasinin` jasi u`lkeygen sayin onin` o`z pozitsiyalarina iye boliwina tu`sinbewinde. Balasinin` is-ha`reketlerin qadag`alawdin` jan`a usillarin bilmewi ata-ana ha`m bala arasindag`i qarim-qatnasiqlardin` buziliwina alip keledi.

Jas o`spirimnin` ata-anasi ortasinda payda bolatug`in konflikttin` sebeplerine pikir bildiriwleri.

Sorawdin` o`zi-aq ata-ana menen jas o`spirim arasindag`i qarim-qatnasiqlardin` o`zgeshiligin ko`rsetedi. Respondentlerge berilgen sorawlardin` juwaplari ha`r qiyli jag`daylarg`a baylanisli ko`rsetilgen misali oqiw protsessindegi o`z-ara qatnasiqlari (minezlerinin` ha`r qiyli boliwi, qizig`iwshiliqlari, o`kpelewleri), (ja`miyetlik ta`rtiplerdi buziwi, temeki shegiw na`shebentlik), (ko`z-qaraslarinin` tuwra kelmewi, milliy, diniy o`zgeshilikleri) bolip tabiladi. Ha`r bir besinshi juwapti bergen respondent konflikttin` sebebi oqiw degen 51.4 %. Ekinshi orinda 30.2 % qizig`iwshiliqlarinin` sa`ykes kelmewi. Psixologiyaliq (minezlerinin`) sa`ykes kelmewin ha`r bir besinshi respondent 21.7 % atap ko`rsetken. Konflikt sebeplerinin` biri: ta`rtip qag`iydalardi buziwinda temeki shegiw (914.2 %) spirtli ishimliklerdi ishiw (10.5 %), so`gisiw (9.0 %), ja`miyetlik ta`rtipti buziw (4.2%). En` son`inda soni aytip o`tiw kerek, jas o`spirimlerdin` sotsial-rollik waziypalarinin` buzilg`anlig`i, (jas u`lkenler menen urisiw (10.2%). Genderlik analiz soni ko`rsetti ul balag`a qarag`anda qiz balalar konflikt sebebin oqiw emes, al minezlerinin` sa`ykes kelmewin namisina tiyiwin atap ko`rsetken. Sonin` menen birge qiz balalar ata-anasinin` olardin` spirtli ishimlik ishkenine ha`m jasi u`lkenler menen urisqanlig`ina jaman qatnasta bolatug`inin bildirgen. Demek, ul balalarg`a qarag`anda qiz balalarg`a ata-anasi qattiraq talapshan` qarim-qatnasta bolatug`inlig`in ko`rsetedi.

Demek, jasina qaramastan oqiw mashqalasi u`stinde payda bolatug`in konflikttin` ko`birek ushirasatug`inin ko`remiz. Jas o`spirimlerdin` o`zlerinin`-aq aytiwina qarag`anda ata-anasinin` okiwin qadag`alawlari konflikttin` basli sebebi bolatug`inin atap ko`rsetken.

Jas o`spirimnin` ata-anasinin` onin` oqiwin qadag`alawina qatnasi boyinsha jas o`spirim menen ata-anasi ortasinda oqiwina baylanisli konflikt kelip shig`atug`inin atap o`tken edik. Sorawnamanin` juwaplarinan soni ko`rsek boladi, mekteptegi sotsialliq qarim-qatnaslar ha`m oqiw protsesinin` ata-ana menen balanin` qarim-qatnasina ta`sir jasaytug`inin ko`remiz. Respondentlerden «Sen

to`men baha aldin` og`an ata-ananin` ha`reketi?» degen sorawg`a to`mendegishe varianttag`i juwaplardi keltirgen edi: «U`y tapsirmamdi orinlawimdi ata-anam kadag`alaydi». «jazalaydi» «olar biledi, biraq bug`an itibar bermeydi». «Olar menin` baham menen qiziqpaydi», «alg`an bahamdi jasiraman», «u`y tapsirmasin orinlawg`a ja`rdem beredi», «olar mag`an isenedi ha`m qolimnan keletug`inin biledi». Juwaplardan soni ko`rsek boladi ha`r bir respondenttin` ekinshisi (47.5%) ata-anasi ta`repinen olarg`a isenim bildiretug`inin aytkan. Yag`niy okiw protsessi jas o`spirimlik da`wirinde balanin` o`zinin` isi ekenligi ha`m jas o`spirimnin` bug`an o`zi juwap beriwi. Biraq sonin` menen birge «u`y tapsirmamdi orinlawimdi qadag`alaydi «mag`an ja`rdem beredi» degenleri ha`r bir besinshisi 22.0-21.8%. bolg`an bolsa al basqa varianttag`i juwaplar juda` siyrek ushirasadi.

«Ata-anam menin` baha aliwima itibar bermeydi» «olarg`a qiziq emes» degen, respondentlerdin` ayrimlari g`ana (1.5- 2.7%).

Jas o`spirimnin` ata-anasi arasindag`i karim-qatnasinin` ma`nisi sotsial-psixologiyaliq xarakterlerinin` qizig`iwshilig`inin` o`zgesheliklerinnen basqa ata-ana ha`m jas o`spirim ortasindag`i qarim-qatnastin` ma`nisine analiz beriw kerek. Bul ma`selege joqarida toqtap o`tken edik. Biraq endi olarg`a ata-anasi menen qanday temadag`i ma`seleler u`stinde sa`wbetlesedi degen konkret soraw qoyildi, bala ata-anasi menen mektebinde okiwi, u`lgeriwi haqqinda so`ylesetug`inin aytqan. Bunin` menen birge sotsialliq ma`selelergede toqtap o`tetug`inlig`i bular: (administratsiyanin` is-ha`reketleri mug`allimnin` shaxsi, klasslaslari menen ha`m klasstag`i qarim-qatnasiqlari). Qiz balalar ul balalarg`a qarag`anda usinday sotsialliq jag`daylardi ata-anasi menen ko`birek so`ylesetug`inlig`i. Ul balalar ata-anasi menen mektepten tisqari bolatug`in waqiyalar u`stinde so`yleskendi, unatatug`inlig`i olardi ma`mlekettin` siyasiy ekonomikaliq jag`daylari millet ma`seleleri ko`birek qiziqtiradi. Basqa so`z benen aytqanimizda genderlik o`zgeshilikler bala menen ata-anasi ortasindag`i qarim-qatnaslardin` du`ziliwine ta`sir jasawshi faktor boladi. Bul balanin` jasi u`lkeygen sayin ata-anasi ortasinda jan`a o`zgeshe qarim-qatnasiqlardin` payda bola baslag`anin ko`rsetedi.

Mikrosotsialliq qorshag`an ortaliqtin` jas o`spirim ushin ideal shaxstin` u`lgisi boliwi, izertlew barisinda balalarg`a to`mendegishe soraw berilgen: «Sizlerdin` a`tirapin`izda u`lgi alarliqtay adamlar bar ma? «Ha`r bir ekinshi jas o`spirim u`lgini ata-anasinnan alatug`inin atap ko`rsetken. Ul balalar a`kesinen, al qiz balalar anasinan ulgi aliwin. Bul jinsiy jaqtan o`zgeshiliklerine baylanisli ekeninen boladi. Ha`r bir altinshi bala (15.7%) eliklewge u`lgi etip o`zinin` joralarinin` birin keltiredi. Bul jerde mug`allimlerge beriletug`in bahasinin` to`menligine itibar beriwimiz kerek tek 5.8% oqiwshilardin` ayirim mug`allimlerine uqsag`isi keletug`inin aytqan. Ha`r bir besinshi respondent bul sorawg`a juwap beriwge kiynalatug`inin aytqan. (19.3%) al ha`r bir altinshi respondent (18.3%) «onday adamlar menin` a`tirapimda joq» dep juwap bergen.

Jasliq dinamikasina qaray bergen juwaplardi tallag`animizdi soni ko`remiz jas o`spirimler jasi u`lkeygen sayin o`z a`tirapinda u`lgi bolatug`inday jas u`lkenlerdin` bolmawin aytadi. 7 Klasstan 9 klassqa deyingi da`wirde balalarda a`kemnen u`lgi alaman degenlerdin` sani 32.4 ten` 22.4 % azaygan. Anamnan u`lgi alaman degenler 41.6 dan 21.3% azaygan. Parallel` tu`rde jas o`spirimler arasinda mag`an u`lgi bolatug`in adam joq diytug`inlarinin` sani 11.9 dan 25.2 % ko`beygen. Uliwma bunday jasliq dinamikasi soni ko`rsetedi jas o`spirim jasliq da`wirine kelip o`z a`tirapindag`i adamlarg`a real` kritikaliq ko`z qarasta bolip o`zi ushin ideal shaxs u`lgisin izleydi degeni.

Sog`an itibar beriwimiz kerek da`ra`ma`ti joqari bolg`an shan`araqqa qarag`anda to`men da`ra`ma`tqa iye shan`araqtag`i balalarda o`z ata-anasin u`lgi etip ko`rmeytug`ini ma`lim boldi 48.9 ha`m 19.3 % al a`kesine uqasag`isi keletug`inlar 40.3 ha`m anasina uqsag`isi keletug`inlar 25.3 % quraydi. Kem ta`miynlengen shan`araqtin` balalari 26.5 ha`m 12.2% «o`z a`tirapinda u`lgi bolatug`inday adamnin` joq ekenligin» aytqan. Yag`niy shan`araqtag`i da`ra`mat ma`selesi oqiwshi ha`m ata-anasi arasindag`i qarim-qatnasina ta`sir etetug`in faktorlardin` biri bolip esaplanatug`inlig`i. Sonin` menen birge bunday o`zgerisler tek kem ta`miynlengen shan`araqtan shiqqan balalardin` juwaplarinda ko`remiz. Al, ha`r qiyli mag`liwmatqa iye bolg`an ata-analardin` balalarinin` juwaplarinda

buni ko`rmeymiz. Bul soni ko`rsetedi ha`zirgi zaman balasi ushin ata-anasinin` mag`liwmati emes, al materialliq ta`repinen tabiskerligi u`lken rol` tutatug`inlig`i olar ushin u`lgi bolatug`inlig`i.

Demek, jas o`spirimnin` bilim statusina qoyg`an diagnozi. Jas o`spirim ushin bilim mag`liwmat emes, al shan`araqtag`i da`ra`mat ma`selesi a`hmiyetli.

### 1.3. Shan`araqta bala ta`rbiyasin maqsetli tu`rde bag`darlaw.

Ja`miyette a`dette ta`rbiya ha`m onin` stillerin biliw bala ta`rbiyasinda u`lken a`hmiyetke iye. Ha`zirgi zaman psixologiyaliq a`debiyatlarda adekvat emes metodlar ha`m onin` bala ta`rbiyasina ta`sirine u`lken itibar qaratilg`an. Balalar minezlerinin` tipologiyasi boyinsha XIX-a`sirdegi belgili rus pedagogi P.F.Lesgaft balalar minezlerinin` tipologiyasin jaratti. Buni shan`araqtag`i balanin` shaxs bolip qa`liplesiwi menen salistiran halda ko`rsetip bergen. Balanin` jasliq ha`m er jetkenlik da`wirinde rawajlaniw protsessin atap o`tken. Avtor o`zinin` tipologiyasin «mektep da`wiri tipologiyasi» dep atag`an». En` da`slep to`mendegishe ma`selege toqtap o`temiz: bala mektepke qanday jag`dayda keledi. Mekteptegi da`wirin baqlay otirip, mektepke barg`anga deyingi da`wiri menen baylanistiran halda oni qanday minezli tipke kirgiziwimizge boladi?(P. F. Lesgaft 1991j. 10 bet)degen soraw.

Lesgaft to`mendegishe tiplerdi keltirip o`tken:

**I Joqari-ha`reketshen tip**;

1) **Eki-ju`zli tip**-reflektorli-ta`jiriybeli joqari ha`reketshen biraq, a`dep-ikramliliq tiykarlarina iye emes tip.

2) **Qoshametti su`yiwshi tip**-oylang`an halda eliklewshi o`zine jokari baha beriwshi a`dep-ikramliq tiykarlarin u`yrenip alg`an tip.

3) **A`lpayim tip-** o`z betinshe oylanip isleytug`in aqliy miynet penen shug`illanatug`in a`dep-ikramliliq tiykarlari qa`liplesken biraq inertli-ja`birlengen tip.

4) **Juwas-basilg`an tip-reflektorli-ta`jiriybeli** inertli tu`rde ha`reketleniwshi. A`dep-ikramliq tiykarlarisiz tip .

5) **Jawiz-basilg`an tip**- oylang`an halda eliklewshi naxaqliqtan ja`birlengen tip. A`dep-ikramliliq tiykarlarin u`yrengen tip.

6) **Ja`birlenge tip**-oylang`an halda orinlawshi fizikaliq miynet penen shug`illaniwshi a`dep-ikramliliq tiykarlari qa`liplesken tip

Eki-juzlilik tipine kiretug`in bala tek ko`rgenin qaytalaydi. O`zine kerek na`rsesin jen`il jol menen aliwg`a ha`reket etedi. Miynet etiw ku`sh saliw menen erisetug`in jumislardan qashadi. O`zine ku`shlirek ta`sir etken zatti g`ana u`yrenendi. Onin` is-ha`reketleri ta`jiriybeli-praktikaliq bolip: bunday balalar qiyinshiliqlardi hiyle isletiw joli menen yaki erkelep qashiwg`a urinadi. Eger jumislari pitpese bug`an hesh ha`m qapa bolmaydi. Haqiyqatliqqa tek u`stirtin qaraydi sonin` ushin a`dep-ikramliq tiykarlari ol ushin a`hmiyetli emes.

Mug`allimlerge o`zin jaqsi okiwshi etip ko`rsetedi. Joralari oni jaqsi ko`rmeydi kem-kemnen klasslaslarinan qashiqlasadi. Tek mug`allimnin` jaqsi ko`rgen okiwshisi bolip qala beredi. Klassinda tez-tezden zatlar jog`alip turadi. Bul zatlar sol baladan tawiladi. Hesh kimge ha`m hesh zatqa baylanisli bolmaydi. Sebebi, jan`a adaslar a`tirapinda waqitsha bolsa da o`zinin` paydasi ushin jaqsi bala bolip ko`rinedi.

Bunday tiptegi balalardin` payda boliwi ushin bir neshe sebepler boladi. Bular: jasi u`lkenlerdin` eki-ju`zliligi ha`m jalg`an so`zleri shan`araqta ata-anasinin` jen`il jol menen payda ko`riwge umtiliwlari. Balalarin u`yde qarawsiz qaldiriwlari ha`r qanday jalg`an so`z ha`m eki-ju`zlilik a`dep-ikramliliq tiykarlarin o`zleri tu`sinbegen halda balasina tu`sindire almawshilig`i balalarinda oylaniw qa`biletlerin so`ndiriwi bala o`zine kerek na`rsesin tek o`zin jaqsi ko`rsetiwi erkelewi ha`m sorap aliw joli menen erisiwine ata-anasinin` qa`lewi.

Bunday tiptegi balalardin` qa`liplesiwin avtoritarliq dep atasaq boladi. Sebebi, ata-anasinin` qa`lewi qizig`iwshilig`i balasinin` ne zat qa`lewinen qizig`iwshiliqlarinan u`stem keledi. Shan`araqta ata-ana ushin bahaliq zattin` o`zi joq. Jan`a na`rselerdi biliwge yaki do`retiwshilik qa`biletlerinin` joq boliwina baylanisli olar balasindag`i jan`a zatlardi biliwge umtiliwlarin tu`sinbeydi. Lesgaft atap o`tkenindey bala ta`rbiyasindag`i itibarsizliq sebebinen bala o`mir jolinda ushirasqan qiyinshiliqlardi sheshe almaydi. Sebebi, onda oylaniw ha`reket etiw qa`bileti rawajlang`an. Bala jilap o`zine kerek na`rsesin alg`isi keledi, biraq bug`an ata-anasinin` ashiwi kelgenin aytqan na`rsesin orinlamag`anin ko`rip endi

o`zine kerek na`rseni qayta-qayta sorap erkelew joli menen aladi. Bunday is-ha`reketinin` ta`sirin ko`rip bala kiyinirek te usinday ha`reketlerdi isleydi.

Erjetkenlik da`wirinde de olar o`zlerine isengen halda usinday ha`reketlerin dawam etedi. Usinday etip «haywanlarsha» jasawdi dawam etedi bul ja`miyettin` rawajlaniwna keri ta`sir jasaydi. (P.F. Lesgaft 18 bet.)

Eger usinday tiptegi adamlar bala ta`rbiyasina aralassa u`lken apatshiliqqa alip keledi. Sebebi eki ju`zli o`zine isenetug`in menmen

o`zin isker etip ko`rsetiwge urinatug`in arsiz adamnan qanday ta`rbiyashi shig`iwi mu`mkin.

Ha`zirgi da`wirde eki-ju`zlilik tipi ko`p ushirasadi bug`an (shan`araqtag`i avtoritarliq ta`rbiyanin` boliwi ha`m ata-anasinin` intellektual-biliminin` sayizlig`i, bala ta`rbiyasina onsha itibar karatpawlari) sebep boladi.

Xoshemetti su`yiwshi tip-eslew qa`biletine su`yengen halda ha`mme na`rseni eslep qaladi; ol tek real` a`tirapindag`i qorshag`an zatlarg`a g`ana emes, al tu`siniwge qiyin bolg`an filosifiyaliq ilimlerdi de u`yreniwge umtiladi. A`dep-ikramliliq tiykarlarin da yadlaydi. Biraq bul onin ushin a`hmiyetli emes. Sebebi bunday tiptegi adamlarda ku`shli sezimlerge berilgen boladi. O`zin basqalardan u`stem qoyiw sezimi–bul tiptegi adamlardin` is ha`reketlerinin` bas sebepshisi bolip tabiladi. Sonliqtan bunday tiptegi adamlar o`zlerin basqalardan joqari qoyiwi menmenlik adamlardin` u`stinen basqariw uqsag`an xa`reketlerinin` bolatug`inlig`in ko`remiz. Eger jumisinan payda yaki lawazim almaytug`in bolsa onday jumislarg`a qol urmaydi. Tek o`zine payda keltiretug`in jumislardi isleydi.

Bul tiptegi balalar ha`m jaslar o`zlerine isengen menmen qanday jol menen bolsada qarsilasin jen`iwdi maqset etip koyadi. Olardin` ideali- ku`sh. Qudiret ha`m hukimdarliq. Olar kem-kemnen basqalardan ayirilip ko`riniw ushin ha`r qiyli jol menen bolsada a`tiraptag`ilardi mensinbey itibar bermey tabisqa erisiwge urinadi.

Avtor bunday tiptegi balalardin` payda boliwina ko`p na`rselerge baylanisli ekenligin atap o`tip. A`sirese en` tiykarg`i belgisi bul- ba`rxa` a`tirapindag`ilar

menen materialliq jag`dayi yaki o`zinin` basqalardan artiq etip ko`rsetiw joli menen jarisiwlari.

Ha`zirgi da`wirde a`sirese shan`aran`ta bir balanin` boliwi onin` ha`r ta`repleme ata-anasinin` qollap kuwatlawlari materyalliq jag`dayinin` ha`m waqtinin` da ko`p boliwi usinday jag`daylarg`a alip keledi.

A`lpayim tip-bunday tiptegi balalar ha`r bir jan`a zatti biliwge umtiliwi. O`zgeshe oylaniw qa`biletinin` rawajlang`ani menen ajiraladi.

Bilimi jetken zatlardi biliwi ushin bunday tiptegi balalar fantaziyalarg`a berile baslaydi. Olar ushin shaxs a`hmiyetli onin` qanday adamlig`i ha`m a`tirapin qanday adamlar qorshag`anlig`i a`xmiyetli. Sonliqtan bunday tiptegi balalarg`a o`z betinshe jumis islew haqiyqatliqa erisiwge umtiliwlari harakterli boladi. Ol o`zine alg`an minnetlerin orinlag`ansha ha`m sol jumistin` ol ushin qiziqarli bolg`aninsha dawam etedi. Bunday tiptegi balalardin` kemshiligi- aqiliy miynet penen fizikaliq miynettin` birdey bolmawi. Olar aqiliy miynet penen ko`birek shug`illanadi. Fizikaliq jaqtan shiniqpag`anlig`inan olarda erinsheklik xa`reketsizlikler sezimleri payda boladi.

Zorliq nahaqliq joli menen hesh na`rsege erise almaymiz. Sebebi bul tiptegi balalarda joqarida keltirilgen xa`reketlerdi islesek olarda jumis islewge degen xa`reketin joqqa shig`aramiz. Bul tiptegi balalarg`a tiyisli qa`biletler bular jaqin insanin jaqsi koriwi. A`ziz ha`m ku`shsizlerdi korg`aw a`tirapindag`i adamlarg`a aq ko`kireklik penen qarim-qatnasta boliwi.

Bug`an to`mendegishe jag`daylar sebepshi boladi: tinishliqta a`sirese awilliq jerde jasawi balalig`inan baslap a`tirapinda oni jaqsi ko`riwshi ata-anasinin` boliwi balasin maqtamay ha`m qatal tu`rde jazalamay ta`rbiyalawi. Bunday jag`dayda bala toliq g`a`rezsiz o`sedi o`zine kerek na`rsesin aladi eger ala almasa ata-anasi nege bunday bolg`anlig`in tu`sindiredi. Ata-ananin` bul xa`reketleri shablon emes. Ata-ana balasinin` o`miri menen jasaydi oni twsiniwge ha`reket etedi. Bunday tiptegi balalar a`sirese anasina ta`rbiyashisina balalig`i o`tken jerine baylang`an boladi.

Bul tiptegi balalardin` harakterli belgisi bul- oni qorshag`an a`tira`pindag`i bolip atirg`an waqiyalardi baqlawi oylanip biliwge umtiliwi juwaslig`i haqgo`yligi tuwri so`zligi bolip tabiladi. Avtor soni ko`rsetip o`tken eger bunday tiptegi bala mektep da`wirinde nahaqliqti sezse jawiz bolip ketiwi mumkin biraq ish-ishinen sol a`lpayim jaqsi bala bolip qala beredi. Lesgaft usinday tiptegi balalar XIX- a`sirdin` mekteplerinde ko`p ushirasatug`in atap ko`rsetken. Biraq ha`zirgi da`wirde bul tiptegi balalar az ushirasadi bug`an sebep balanin` shan`araqta jag`liz bala boliwi ata-anasinin` qa`legenindey bolip shig`iwi ushin balasina ha`mme imkaniyatlardi jaratip beriwi sebebinen balasinda menmenlik harakteri rawajlanip ketedi yaki bug`an ata-anasinin` uqipsizlig`i ha`m balanin` rawajlanbag`anlig`i sebep boladi.

Lesgaft atap o`tkenindey er jetkenlik da`wirinde bunday tiptegi adamlar natiq bolip nahaqsizliqqa qarsi tura almaydi. Eger bul ja`miyet ushin jaqin adami ushin a`hmiyetli bolsa onda ol erinshekligin natiqlig`in qoyg`an halda bar ku`shi menen haqiyqatliqqa erisiwge ha`reket qiladi.

Juwas-basilg`an tip-onin` ha`r ta`repleme a`ste-aqirinliq penen rawajlaniwina jag`day tuwilmag`an sonliqtan bunday tiptegi balalar aqiliy jaqtan rawajlaniwi to`men boladi. Olarda a`dep-ikramliliq normalari da to`men rawajlang`an. Tapsirmani orinlaydi biraq ko`rgenin esitkenin toliq kaytalay almaydi. Bunday tiptegi balada baqlawg`a u`yreniwge uqibi bolmaydi. A`dep-ikramliliq tuwrali da tu`sinigi joq. Birew basqarip turmasa ne islewdi bilmey an`-tan` bolip qaladi. qirsiqlig`i onin` xa`rektsizliginen shig`iwg`a xa`reket etpewinin` sebepshisi boladi. Bunday tiptegi balalar bir zatti u`yreniwge uqipsiz bolip er jetken da`wirinde tek egoistlik paydaku`nemlik qa`bileti rawajlang`an halda a`tira`pindag`ilarg`a biypa`rwa bolip o`sedi.

Bunday tiptegi balalardin` rawajlaniwinin` sebeplerin to`mendegishe avtor keltirgen: balasindag`i ha`r qanday o`z betinshe ha`reketlerin boldirmawi onin` aqili menen oylanip islewine ata-anasinin` imkaniyat bermey onin` ornin islep beriwi bolip tabiladi. Bunday tiptegi balalar hesh qashan o`z betinshe hesh na`rse islemegen olarg`a qay jerge bariwdi ne islewdi qashan uyiqlawdi yaki turiwdi

ata-anasinin` aytiwi menen islegen. Aqilinin` rawajlaniwi ushin imkaniyatlar jaratilmag`an ata-anasi og`an tek tinish aqilli bolip soraw bermey otiriwin maqul ko`rgen. Bunday tiptegi balalar o`mirinin` aqirina deyin erjetpey o`tedi.

Avtordin` ko`rsetiwine karag`anda bunday tiptegi balalar hayal adami ko`p bolg`an mekteplerde joqari oqiw orinlarinda ushirasatug`inlig`i. Bug`an hayalliq pedagogikasinin` ta`siri bolsa kerek- anasinin` kempir apasinin` bala ta`rbiyasina aralasiwi.

Jawiz-basim tiptegi balalar-jawizlig`i menen adamg`a isenimsiz qarawlari tek o`zin su`yiwi menen pariqlanadi. Aqliy jaqtan rawajlaniwi o`zin ha`r qiyli zatlardan saqlawg`a qaratilg`an. Bunday tiptegi balalar ha`r qanday namisina tiyetug`in ha`reketlerge u`yrengen bolip bul onin` kishkene waqtinan baslap jawizliq ha`reketlerin ko`rgeninen bolsa kerek. Haqgo`ylik ol ushin a`hmiyetli emes eger o`zinin` qarsilasin jen`iw ushin ha`r qanday nadanliqqa da baradi isenbewshiligi ha`mmege isenbew menen karawdi payda etedi. Joralari aldinda o`zin uslap turiwg`a ha`reket etedi yaki agressiv halda xa`reketlenedi hesh zat penen shug`illang`isi kelmeydi o`zine kerekli zatlardi g`ana isleydi. Eger onday tiptegi balani jazalasaq ol o`zinin` ashiwin haywanlardi qiynaw arqali yaki klasinda baqirip qishqirip birewlerge jabisip to`belesiwi mug`allimleri menen urisiwi mu`mkin. «Mektep da`wirinen shiqqannan son` bunday tiptegi balalar o`zlerin basqasha sezip spirtli ishimliklerge na`shebetlikke to`beleslerge kirip ketiwlerin ko`remiz. Kiyiniw soylew maneralarinda turpayiliq payda boladi bul ul balalarda da qiz balalarda da birdey ko`rinedi.» ( Lesgaft.P.F 1991 57-bet) O`mirde bunday tiptegi balalar sinshil tapsirmalarin buljitpay orinlaytug`in ha`r qiyli sezimlerge berilmegen tek aldina koyilg`an waziypani orinlaytug`in ayrim adamlar ushin paydali xizmetker bolip qala beredi. (sol jerde 58 bet). Bunday tiptegi balalar tek ta`jiriybe baqlaw joli menen ha`reketlenip o`zinen abstrakt tu`rde oy juwirtiug`a qa`bileti bolmaydi. Bunin` sebepleri to`mendegishe balag`a o`z pikirine iye bolip oylaniug`a ata-ananin` mu`mkinshilik bermewi arina namisina tiygen halda nahaq jazalawlari. Avtor bug`an misal retinde o`gey ananin` obrazin keltirgen balalig`inan baslap-aq xa`mme zatqa ruhsat bermewi xa`r qanday

xa`reketlerin birden toqtatip duris emes dep  aytiwinin` sebebinen kelip shig`adi. Bunday ata-analar balani erkeletpew kerek ha`r qanday ayip islerin jazasiz qaldirmaw kerek dep oylaydi.

O`zimnen soni qossam boladi Lesgafttin` atap o`tken tipindegi balalar ha`zirgi ku`ndede ko`p ushirasip atir. A`sirese ata-anasinan ayirilg`an qarawsiz balalar u`ylerindegi balalardi  aytsaq boladi. Balalardin` bunday boliwina komp`yuterlerdegi boevik jawizliqti  u`yretetug`in fil`mler qumar oyinlari jasaw orinlarin` o`zgertiwleri ta`sir etedi.

Misal retinde 11 jasar  jas o`spirimdi alip qarasaq boladi oqiwdan qashqan ba`rha`  ko`shede ju`retug`in anasi «balamdi ta`rbiyalay almayman» degen shan`araqtag`i jag`day jas o`spirim jasi u`lken  adamlar menen uzaq waqit so`ylesip tura almawi (10 minuttan ) artiq  jumisi bolmasada  ba`rxa` waqti joq bir zatqa asig`adi bunday balalarg`a materialliq jag`day g`ana ta`sir etedi «Ko`shedegi apay og`an velosiped a`peremen dedi» balalar uyine apariwi ushin shig`ar. Olar iykemleskish boladi balalar uyinde ku`shsizlerge  zorliq penen ku`sh isletedi. Bunday tiptegi balalardin` payda boliwinin` sebepleri tek g`amhorliqtin` bolmawi emes, al ata-anasi ta`repinen jaqsi ko`riw sezimlerinin` bolmag`anlig`inan  nekesiz tuwilg`an  balasi  bar shan`araqta  usinday jag`day boladi.

Ja`birlengen  tip-bul tip a`lpayim tipten o`zgesheligi  aqliy miynetke qarag`anda fizikaliq miynet penen ko`birek shug`illaniwi olardin` filosofiyaliq oy-pikirlerdi ju`rgiziwge abstrakt oylawg`a qa`biletli bolmaydi  bul tiptegi adamlar kiyinshiliqlarg`a miynetke u`yrenip ketkeni sonshelli o`z miynetin bahalamaydi. Ba`rha`  juwas  a`tirapinda bolip atirg`an nahaqliqlarqa qarsi tura almaydi. Olarg`a ta`n xarakterler a`piwayilig`i haqgo`yligi kishi peyilligi bolip tabiladi. Bunday tiptegi  adamlar XXI a`sir ushin  aktual emes bunday balalardi uristan keyingi jillardag`i miynet etip  qiyinshiliq  ko`rgen balalarda bolg`an. Ha`zirgi zaman balalari qanday jag`day bolsada o`z miynetin bahalawdi talap etedi. A`kesinen ayirilg`an ko`p balali tek anasi ta`rbiyalap atirg`an shan`araqtag`i balalar basqalar menen ten`dey miynet haqisin alg`isi keledi klassifikatsiyasi  sa`ykes kelmesede. Bunday balalarda kishi peyilliktin` ornina qizg`anshaqliq miynetkeshliktin` ornina

xa`mmeden ja`rdem ku`tedi eger ja`rdeminde almag`an jag`dayda agressiv tu`rde qarsiliq ko`rsetedi.

Ideal tip- bul fizikaliq aqiliy jaqtan garmonal u`ylesip rawajlang`an tipke aytamiz bunday tiptegi balalar a`tirapindag`i zatlarg`a oylanip a`ste aqirinliq penen izbe-izlikte fizikaliq ha`m aqiliy qa`biletlerinin` rawajlandirg`an halda o`z ku`shi menen qorshag`an ortalig`inda ha`reket etip o`z maqsetine erisiwge urinadi. Ol aktiv tu`rde xa`reket etedi o`zinin` a`tira`pindag`i adamlardin` nege za`ru`r ekenligin bilgen halda ja`rdemlesiwge xa`reket etedi. O`zinin` ma`pin basqalardin` a`sirese doslarinin` ma`pinen joqari qoymaydi zorliq ku`sh penen ha`reket etpeydi. Aqilliliq penen islegen isler g`ana og`an ta`sir etedi. Ideal tiptegi adam o`zine a`lpayim ha`m ja`birlengen tiptegi adamlardin` jaqsi pa`ziyletlerin ja`mleydi.

## 1.4. O'spirimler menen ata-analar ortasindag'i kelispewshiliklerdin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri.

Jetilisken a'wlad ta'rbiyalap jetistiriw ma'selesi ma'mleketimizdin' en' za'ru'r ha'm aktaual waziypalarinan biri esaplanadi. Usi qarastan ta'lim-ta'rbiya menen shug'illanatug'in shaxslar ha'm mekemelergen u'lken juwapkershilik ju'kleydi. Olar bul juwapkershilikti sezgen halda miynet qiliwlarin talap qilinadi. Jas a'wladtin' ta'lim-ta'rbiya ma'mleketimiz rawajlaniwi ushin qanday a'hmiyetke iyeligin Jurtbasshimiz o'zinin' «Joqari ma'wa'niyat-jen'ilmes ku'sh» shig'armasinda to'mendegishe tu'sindiredi: «…xalkimizdin erten'gi ku'ni qanday boliwi perzentlerimizdin' bu'gin qanday ta'lim-ta'rbiya aliwlig'ina baylanisli. Bunin' ha'r qaysi ata-ana, ustaz ha'm mug'allim bala timsalinda en' aldi menen shaxsti ko'riwi tiyis». Prezinetimiz balalar ta'lim-ta'rbiyasinda balag'a qanday jandasiw tiyisligin aytip o'tilmekte. Balaliqtin' en' quramali bag'anasi o'smirlik esaplanadi. Bull da'wirde bala o'tiw basqishin basinan keshiredi. Biz mine usi da'wir ha'm onin' onin' o'zine ta'n ta'repleri xaqqinda pikir ju'ritemiz.

O'smirlik da'wiri insan turmisinin' o'zine ta'n da'wiri bolip, bunda ekilemshi jinsiy organlardin' keskin rawajlaniwi, dene du'zilisinin' o'zgeriwi, o'zi tuwrisindag'i maksimalizmdin' artiwi siyaqli psixologiyaliq halatlar baqlanadi. O'smirlerdegi bunday fizikaliq, aqiliy, ruwxiyliq-psixologiyaliq o'zgerisler olardin' o'z ata-analari menen bolatug'in mu'na'sibetlerin keskinlestirip qoyadi. A'qibette olar ortasinda bir-birin tu'sinmeslik, nervlesiwi, ja'njelli jag'daylarinin' ko'bewi halatlari ko'birek baqlanadi.

Bizin' pikirimizshe, o'smirler menen olardin' ata-analari ortasinda payda bolatug'in ja'njellerdi u'yreniw ha'm olardi jog'atliw jollarin izertlew psixologiya pa'ninin' aktual ma'selelerinen biri. Biz to'mende mine usi ma'selege kisqasha toqtalip o'temiz.

Bunday ja'njellerden birinshisi –«Ata-analar mu'na'sibetlerinin' turg'in emesligi» ja'njelli dep ataladi. Usi ja'njel ko'birek ushiraydi ha'm ol o'zinde sotsial mu'na'sibetler a'lemindegi o'smirdin' real qarama-qarsiliqli statusin sa'wlelendiredi : «eli u'lken emes, bala ha'm emes». U'lkenlerge qarag'anda

baladag'i «ideal emeslik» aytilsa, shan'araqtag'i onnan kishkinelerge qarag'anda onnan «idealliq» talap qilinadi. O'smirdin' sirtqi ko'rinisindegi kemshilikler-o'zin jiynastirip ju're almaslig'i, ko'p terlewi, dene du'zilisindegi ten' emesligi ata-analardin' g'ashin keltiredi. Olar o'tiw da'wirine ta'n bolg'an o'zgeshelikler ekenligin ata-analar bilselerde, ne ushin o'smirlerdi ta'rtipsizlikte, a'piwayi gigienalik talaplardi orinlay almasliqta, o'zin eplep ju're almasliqta ayblaydilar. Sirtqi ta'repinen onshellik kelisken bolmag'an o'smir endi shan'araqta qulaysizliq keltirip shig'aradi. Bull halat ata-analardin' o'z perzentlerine bolg'an mu'na'sibetin o'zgertiredi. Na'tiyjede o'smirdegi jaqsi sipatlar ko'rilmeydi yaki tuwri bahalanmaydi.

O'smirler menen ata-analar ortasindag'i ja'njellerdin' keyingi «Ha'dden artiq g'amxorliq» ja'njeli dep ataladi. Bunday ja'njeldi keltirip shig'aratug'in sebep ata-analardin' ha'dden artiq da'rejedegi o'z perzentige miyirbanlig'i esaplanadi. Ata-analar perzentler ushin jasaydi ha'm bul ta'rbiya usilin tuwri dep bahalaydi. na'tiyjede bala o'te ku'shli qadag'alaw astinda qaladi. Balanin' ha'r bir ha'reketi qadag'alaw astinda boladi. Bunday halat ballada juwapkershilikti, tashabbustin' joqlig'ıin, o'zbetinshe isley almasliqti, u'yde hesh kimge ja'rdem bermeslikti keltirip shig'aradi. Ja'njeldin' kelip shig'iwina sebep sonda, bunday g'amxorliq jas balalar ushin ba'lki tuwri bolar. Birak osmirlerge bunday xalat maqul kelmeydi. A'qibette ata-analar menen osmirler ortasinda keskinlik kelip shig'adi. Ata-analardag'i bunday psixologiya «ko'rlik» tin' sebebi olardag'i balasina qarag'anda onin' erte balalag'indag'i emotsionalliq mu'na'sibetin saqlap kaliwg'a an'lanmag'an umtiliwda jatadi.

Keyingi ja'njeldin' turi «O'smirdin' o'zbetinshilikke bolg'an huqiqinin' hu'rmet qilinmaslig'i» ja'njeli dep ataladi. O'smir o'zinin' shan'araqtag'i ornin ma'lim na'rselerge mulkshiliq huqiqi barlig'in tastiyiqldaw arqali ornatmaqshi boladi. Onda «meniki» degen tu'sinik qa'liplesedi. Ol an'lap jetedi, mulk kimnin' qolinda bolsa, ha'kimiyat onin' qolinda boladi. Ata-analar o'z balalarin mulqtin' bir bo'legi, dep esaplashadi. O'smir o'zinin' shegaralap alg'an aymag'ina iye boladi. Ata-analar bul aymaqqa biyma'lel bastirip kiredi. Bul halat o'smirge

jaqmaydi. A'qibette olar ortasinda ja'njel kelip shig'adi. Bul ja'njel tiykarinda ata-analardin' shan'araqliq ta'rbiya ma'selelerindegi sawatsizliq deregi esaplanadi.

Ata-analar menen o'smir jastag'i balalar ortasindag'i ja'njellerden ja'ne biri Ata abiroyinin' ja'njeli dep ataladi. Bul ja'njeldi keltirip shig'aratug'in sebep ko'pshilik atalardin' o'z perzentin «haqiqiy erkek» qilip ta'rbiyalamaqshi bolmag'i. O'smirdin' ha'm fizikaliq, ha'm ruwxiyliq ta'repinen wayag'a jetpegenligi menen atasinin' onnan u'lkenlerge ta'n talaplar qoyiwlig'i ortasindag'i qarama-qarsiliq na'tiyjelesi arqali bul ja'njel kelip shig'adi. Bunnan tsqari bala atasi qa'legendey «haqiqiy erkek» boliwin qa'lemes. Bul ja'njeldi saplastiriwdin' tutas joli -o'smirdin' atasi o'zinin' o'zgertiriwi kerekliginde jatadi.

Joqarida biz keltirgen ja'njeller osmirler psixologiyasina ku'shli ta'sir ko'rsetedi. Olarda ma'lim jaman psixikaliq halatlardi shig'ariwi mu'mkin. Sonin' ushin ata-analar egerde o'z perzentleri menen birarta ja'njeldi aniqlashsa, a'lbette psixolog-ma'sla'ha'tshiga ushirawi tiyis boladi.

Sotsiallasiw faktorlarinan en' za'ru'r ha'm ta'sirıeni, yag'niy ja'miyettin' jetekshi buwini shan'araq esaplanadi. SHan'araqta balanin' sirtqi waqiyaliqta ta'sir etetug'in na'rse ha'm qubilislardi seziwi qa'liplese baslaydi. SHan'araqtag'i ortaliq shaxslar araliq mu'na'sibeti ata-ananin' mag'liwmatliliq da'rejesi, sotsial orni, materialliq ta'miyinlengenligi balanin' turmis jolin belgilep aliwg'a ja'rdem beredi. Ata-ana ta'repinen balaga beriletug'in sanali maqsetli ta'rbiya, shan'araq ishindegi ortaliq balag'a ta'sir ko'rsetedi, na'tiyjede perzentte jas o'tiwi menen shaxs du'zilisinde o'zgerisler ko'zge taslanadi.

O'spirinler ta'g'dirine shan'araq qurami ha'm onin' ag'zalari arasindag'i o'z-ara mu'na'sibetler qatti ta'sir qiladi. SHanaraqliq sharayattin' jaqsi bolmaslig'i sotsial awir a'whaldag'ilar yaki ta'rbiyasi awir o'smirlerge ta'n.

Sotsiallasiwdin' bir qansha avtonom psixologiyaliq mexanizmleri bar bolip, bunin' na'tiyjesinde ata-analar o'z balalarina ta'sir qiladi.

Birinshisi, bekkemlew. Balanin' minez-qulqin xoshametlep u'lkenler oni tuwri dep biledi ha'm belgilengen qag'iydalardi buzg'anlig'i ushin balani jazalap

ata-analar sanasina ja'miyet qag'iydalarin belgilengen dizimin sin'diredi. Olarg'a a'mel qiliw bala ushin a'ste-seyin a'det ha'm ishki talapshanliq bolip qaladi.

Ekinshisi, identifikatsiya. Bala ata-anasina salistiriladi ha'm olarg'a uqsawga ha'reket qiladi.

U'shinshisi, tu'sinmewshilik. Balanin' ishki du'nyasin bilip turip ha'm onin' mashqalalarina aniq juwap beriw arqali ata-analar onin' sanasi, du'nyaqarasi ha'm so'ylewshilik sipatlarin qa'liplestiredi.

Ata-analar ha'm balalar ortasindag'i emotsoinal tonni psixologlar qutbli shkala ko'rinisinde oylawlari, bir ta'repinde maksimal jaqin, issi, mehir-a'qibetli mu'na'sibette bolg'anlar tursa, basqa qutbda –uzaqlasqan, suwiq ha'm duspan bolg'anlar turadi. Birinshi halatta ta'rbiyanin' tiykarg'i qurali bolip itibar ha'm xoshametlep tursa, ekinshisinde – qatti qolliq ha'm jaza turadi. Birinshi bag'dardin' ustunligin da'lilleytug'in ko'pshilik baqlawlar bar. Ata-ana mehrinin' qattiqlig'i, og'an mu'na'sibettin' kemliginde bala o'zine joqari baha beriwde basqalar menen issi, dostana mu'na'sibetler bekkem jaqsi «men» obrazinda kishi shaxsqa aylanip qaladi. O'spirinde ushiraytug'in psixofiziologiyaliq ha'm psixosomatikaliq o'zgeriwshenlik, nevrotikaliq nerv buziliwi, so'ylesiwdegi, aqiliy xizmetindegi yaki oqiwdag'i qiyinshiliqtin' ju'zege keliwi-jaslig'inda ata-anasinin' diqqat-itibari ha'm mehiri jetispesligi a'qibetinde kelip shig'atug'in na'tiyjeler. Ata-ana ta'repinen suwiqqanliq ha'm diqqat-itibarsizliq balalarda an'lap bolmaytug'in o'z-ara qarama-karsiliqtin' (ja'njel) keltirip shig'aradi. Bul dushmanliq ata-anag'a qarag'anda aniq-ra'wshen ko'riniwi menen birge, jasirin ha'm boliwi mu'mkin. Bazi bir o'smir ha'm o'spirinler ta'repinen bolatug'in, hesh qanday jamanliq qilmag'an biygana adamlarg'a qarag'anda o'zine esap bere almaytug'in, motivlastirilmag'an qatti qolliq ko'pshilik jasliqtag'i sezimler ta'sirinde boladi. Ata-ana qadag'alawinin' turli usillarin ja'ne shkala ko'rinisinde oylaw mu'mkin, bit qutbda balanin' joqari aktivligi, o'zbetinsheligi ha'm tashabbuskorligi ha'm basqasinda-passivlik, qaramliq ha'm ko'r-ko'rana qulaq saliw ha'm basqalardi kiritiw mu'mkin. Eger ata-analar ta'rbiyada demokratiyaliq usildi qollap-kuwatlashsa, o'spirinlerdin' ata-ana menen bolgan mu'na'sibetlerinde

jaqinliq boladi. Bul metodika ko'pshilik da'rejede o'zbetinshelik, aktivlilik, tashabbuskorlik ha'm sotsial juwapkershilikti ta'rbiyalawda qol keledi. Bul halatta balanin' minez-qulqi bekkem, dizimli ha'm iyiliwshen, usi menen birge ratsional ko'riniste boladi. Ata-ana ba'rqulla o'zinin' talaplari motivlerin tu'sindiredi ha'm oni o'smir menen dodalaniwin xoshametleydi hu'kimranliq tek za'ru'r waqitta isletiledi, balada qulaq saliwliq menen birge o'zbetinshelik qa'dirlenedi. Ata-ana qag'iyda ornatadi ha'm olardi turmisqa bekkem engizedi, biraq o'zin ayipsiz esaplamaydi, ol balanin pikirine kulaq saladi, biraq o'zinin' qa'lewinen kelip shiqmaydi.

Mu'na'sibetlerinin' en' aqirg'i ko'rinisleri avtoritar yaki liberal ta'repi. Ol jaman na'tiyjeler beredi. Avtoritar metodika balalarda ata-analardan uzaqlasiwina (biyganalasiwina) o'zlerin shan'araqta a'hmiyetsix ha'm kerek emeslik sezimin keltirip shig'aradi. Ata-ana talaplari tiykarsiz bolsa, qarama-qarsiliq ha'm agressiyani yaki a'detiy  apatiya ha'm passivlikti keltirip shig'aradi. SHidamliliq ta'repine awiw sonin' menen birge perzentte  ata-analardin' og'an qarag'anda jumis joqday sezimin oyatadi ha'm onda juwapkershilikti qa'liplesiwine kesent beredi.

O'spirinlerdi ata-analar menen o'z-ara mu'na'sibet tusiniw ushin js o'tken sayin bul mu'na'sibetler waziypalari ha'm ol menen baylanisli bolgan tu'sinikler qanday o'zgeriwin biliw tiyis. Bala ko'z aldinda ata ha'm anna bir qansha ko'riniste ko'rinedi: emotsoinal issiliq ha'm turtk ideregi siyaqli (olarsiz bala o'zin qorg'awsiz sezedi) , hu'kimdar siyaqli, direktiv instantsiya, jaksiliqlar, jazalar ha'm xoshametlewler taqsimatshisi siyaqli, u'lgili, aqilli ha'm en' jaqsi insaniy sipatlar timsali siyaqli ha'mme na'rseni isenim tapsiratug'in u'lken dos ha'm ma'sla'hatshi siyaqli sezedi. Biraq bull funktsiyalardin bir-birine nisbati ha'm ha'r birinin' psixologiyaliq a'hmiyeti jas u'lkeyiwi menen o'zgeredi.

### 1.5. Shan’araqta ta’rbiya formalari ha’m ata-analiq ustanovkalari.

Shan’araq, ondag’i shaxslar araliq mu’na’sibetler, er – hayal ha’m ata – ana, balalar mu’na’sibetleri ko’plegen izertlewlerdin’ ob’ekti ha’m predmeti bolg’an. Bul boyinsha O’zbekstan alimlarinin’ jumislari da diqqatqa ilayiqli.

Tiykarinan, ata – analiq ustanvkalari ha’m olardin’ perzent ta’rbiyalaw usullari mashqalasi rossiyaliq bir qatar izleniwshilerdin’ shig’armalarinda ko’rsetip o’tilgen (A.E.Lichko, A.A.Bodalev, A.A.Stolin, E.G.Eydemiller, V.V.YUstitskiy). Ata – analiqtin’ en’ a’hmiyetli sipatlarina aldi burin protektsiya yamasa perzentlerdi ta’rbiyalaw ushin sariplanatug’in ku’sh, waqit ha’m itibar o’lshemi, balanin’ tu’rli mu’ta’jliklerin qanaatlandiriw da’rejesi, ta’rtip – intizamg’a shaqiriw menen baylanisli talaplar da’rejesi, sheklewler yamasa balanin’ minez – qulqin ta’rtipke saliwg’a isletiletug’in sanktsiyalar sistemasi kiredi.

Giperprotektsiya – ata – analardin’ perzentlerine bolg’an ha’dden ziyat itibari bolip, bul olardin’ bala ta’rbiyasi ushin ku’sh, waqit ha’m itibardi ayamasliqlarinda ko’rinedi. Ata– ana bull jumisti turmis ta’rizine aylantiradi, yag’niy anna ushin da, ata ushin da bala ta’rbiyasi o’mirinin’ mazmunina aylanadi.

Giperprotektsiya – ata – anna ta’repinen barliq istek, tilek ha’m mu’ta’jliklerdi bile tura, kritika ha’m pikirlesiwsiz qanaatlandiriwg’a umtiliw; balani ha’r qanday qiyinshiliqlar ha’m tosiqlardan qorg’aw, onin’ barliq qa’lewlerin sol jerde orinlaw, erkeletiw, a’piwayi jetiskenliklerden quwaniw, qa’telerin sezbeslikke qaratilg’an ha’reketler. Balasi ushin «janin jabbarg’a beriwshiler» a’dette o’zleri bilmegen halda perzentlerine jamanliq qilip atirg’anliqlarin sezbeydi, na’tiyjede bala keleshekte iske taqatsiz, ko’pshiliktin’ ishinde o’zin tuta almaytug’in, turmistin’ pa’s – ba’lentliklerinde o’zin ila’jsiz sezinetug’in, erinshek,erke bolip qaladi. A’sirese, bala o’spirimlik jasina jetkende, erke, is jaqpas bolg’ani ushin doslari ha’m ten’lesleri a’tirapinda da ha’mme aytqanlari boliwin qa’leytug’in, liderlikke umtiliwshan’lig’in ko’rsetkisi keletug’in, biraq ishki ta’repten, negizinde onda bunday sipatlar bolmaydi. Ga’p sonda, bunday halatlarda ata – anna zu’rriyadi timsalinda aldin o’z turmisliq ta’jiriybesinde erise almag’an a’rmanlarin ju’zege

shig'arg'isi keledi, olardin' ta'rbiya uslublari tiykarinan sog'an qaratilg'an boladi, biraq bala ko'p ta'repten nashar ekenligin keyinshelli sotsialliq ortaliqtin' tu'rli jag'daylarina tu'skeninde sezine baslaydi.

Gamxorliqtan u'stem keletug'in giperprotektsiya – bunda erkeletiuden ko're ata – anna ta'repinen balasinin' ha'r bir ju'rgen qa'demi ha'm is – ha'reketin baqlawg'a aliw arqali og'an itibar beriw na'zerde tutiladi. Sonin' ushin bull ta'rbiya uslubinda tu'rlishe taqiyqlawlar, shegaralawlar («ol mu'mkin emes», «bull mu'mkin emes» tu'rinde) ko'p boladi. Bunday sha'rayatta u'lken bolg'an bala a'dette erkin pikirli, o'z betinshe qarar shig'ariwshi bola almaydi, biraq sa'l na'rsege ashiwi keletug'in, ko'p na'rselerden narazi halda u'lken boladi, sebebi ol ba'rqulla baqlawdi, birewlerdin' ha'mme jol – jobalarin ko'rsetip, aytip beriwlerine u'yrenip qaladi: anasi bolmasa sabaq tayarlay almayditug'in, atasi bolmasa ko'shege shiqpaytug'in boladi, barliq jumislarinda u'lkenlerdin' aralasiwina ko'nligip ketedi.

Ju'da' ku'shli a'dep – ikramliliq juwapkershiligi – bunda ata – anna ta'repinen balag'a bolg'an talaplar da'rejesi joqari boladi, biraq onin' tiykarg'i qa'lewi, mu'ta'jlikleri onshelli itibarg'a alinbaydi. Ata – anna balasinin' keleshegin puxta qiliwdi oylap, onin' ju'ris – turisi ushin o'zlerin juwapker dep sezingen halda, shaxsiy qiyalindag'i insandi jaratiwg'a, shaxsti qa'liplestiriwge urinadi, ayirim waqitlari baqlaw astinda bolanin' jasi, aqiliy yamasa fizikaliq mu'mkinshiliklerinen tis talaplar, tapsirmalar da berileberedi. Ma'selen, «sen tung'ishimizsan', u'kelerin'e sen qarawin' kerek», degen ma'nide og'an shan'araqtag'i kishkene ag'zalarina yamasa keselikke shaling'an shan'araq ag'zasina qaraw siyaqli juwapkershilikli ha'm awir jumislar da ju'klenedi.

Emotsional radiya – bunda ata – anna balasinsonday ta'rbiyalaydi, onin' ata – anna o'mirinde ol o'zine jarasa ta'shuish, ortiqsha ju'k ekenligi, ol bolmag'aninda ata – ananin' o'miri basqasha boliwi u'ziliksiz ra'wishte esletip turiladi. Eger bull perzent shan'araqta jalg'iz bolmasa, basqa a'rzenderek, su'yiklirek insan bolsa, jag'day ja'ne de awirlasadi, «sen bolmag'anin'da. . .», yamasa qiz balag'a qarap: «senin' ornin'da ul bala bolg'anda edi . . .» tu'rindegi keri so'zler tez – tez aytilip

turadi.

Ayirim ata – analar bull siyaqli emotsional ta'repten balasin biykarlap atirg'anlig'in jasiriwg'a urinadi, «nege balani jaqtirmaysan'?» siyaqli sorawlarg'a tiykarinda oni su'yiw kerekligin aytqani menen ba'ribir bala ata – anasi ushin artiqsha ta'shuish ekenligin sezinip jasaydi ha'm tezirek erkin bolip alip, olardi taslap ketiwdi, ayirim jasawdi qa'lip qaladi. Ana qanshelli o'z mehriybanlig'in jasalma ra'wishte ko'rsetiwge urinbasin, bala ba'ribir olardin' haqiyqiy emesligin kewili menen sezedi. A'sirese, atasi menen ajirasqan yamasa ata taslap ketken halatlarda ananin' bunday mu'na'sibeti balag'a ju'da' awir batadi.

qattiqolliq – bir qarasta emotsional biykarlawg'a uqsaydi, biraq onnan ashig'iraq ha'r awirraq boladi. №attiqolliq tuwridan – tuwri balani jaslig'inan uriw, so'ziw, kemsitiw formasinda yamasa bala mu'ta'jliklerine toliq biypa'rwaliq, onin' bar – joqlig'in sezbeslik siyaqli ko'rinislerde boliwi mu'mkin. Eki halatta da bala jaslig'inan ne qilip bolsa da tezirek u'lken boliw, o'zi a'mellep tirishiligin qiliwi, ata – anna eziwinen qutiliwin oylap jasaydi. Bunday shan'araqta balani qanday da bir minez – quliq ushin jazalaw a'det tu'sine kirip qaladi, bala qorqqaninan ata –ana hu'kimine boysinip atirg'anlig'i, bunin' keleshekte jaman ta'sirleri bar ekenligin u'lkenler bilmeydi, bilse de bull usil olar ushin na'tiyjeli tu'yiledi. Ayipdarliq, ayipqa jarasa jaza siyaqli usillar bala minez – qulqin basqariwshi psixologiyaliq faktorg'a aylanadi, ol da keleshekte ba'rqulla ayipdarlardi izlewge u'yrenip baradi.

A.Freyd teoriyasina ko're, mine usinday jazag'a hu'kim etilgen bala barg'an sayin agressiv bolip baradi, o'zinde qayg'inin' qaysidur bir ob'ektten (o'zinen kishkenelerden, biyganalardan, haywanlardan) aliwg'a qast etken, qasaskar bolip o'sedi. Mag'liwmatlarg'a ko're, Amerikada ko'she balalarinin' ko'minde a' % ti shan'araqta mine usinday tarbiyanin' qurbani boladi. Amerikaliq alim S.D.SHerrits shan'araqtag'i mine usi siyaqli qattiqolliqlardin' bala ha'm ata – anna minez – qulqina unamsiz ta'sirin u'yrenip, olardin' xarakterinde ju'z beretug'in o'zgerislerge toqtalip o'tken. Fizikaiq ta'repten balag'a zulim etip, oni uriw halatlari da derlik barliq qatlam wa'killerine ta'n boladi. Turmista, is – xizmetinde

a'wmeti kelmegen yamasa baxitsiz muhabbat qurbani bolg'an, biraq perzent ko'rgen shan'araqlardin' hayallarinin' ko'pshiliga ashiwin balalarinan aliwg'a meyillik qa'liplesip baradi, bul barg'an sayin turmisliq ko'nlikpege aylanip baradi. A'sirese, stress faktorlar ta'siri astinda ata – anna ( ma'selen, jumissizlar, u'yi joqlar, jumis izlep basqa jerlerge ketip qalg'an migrantlar, etnik yamasa finansliq qiyinshiliqlardin' qurbanlari, ka'mbag'allar) o'zinin' sotsialliq mashqalalarin sheshe almay, tuwilg'an balasinan o'z o'sh ala baslaydi.

Turmistag'i mashqalalar qanshelli ata yamasa anna ushin quramali tu'yilse, olardin' balasin uriwi, onnan o'sh aliw itimali sonshelli joqari boliwin alimlar u'yrengen. Sonisi xarakterli, balasin tez – tez uratug'in ata – anna ayirim halatlarg'a og'an qattiqollig'inin' sebebin aytip, bull siyaqli ha'reketlerdi ne ushin, ne sebepten a'melge asirip atirg'anlig'in tu'sintiriwge de a'detlenedi, balani olardi tu'siniwge, ha'tteki, ko'mek beriwge shaqiradi. Ma'selen, tapqanin o'zi ko'shede jep, alkagolg'a almastirip kelip, ashiwin ja'ne baladan aladi da, puli negizinde kem ekenligin, ishpese tura almaslig'in balag'a tu'sintiredi. Bunda balanin' jasi onshelli a'hmiyetli de emes.

Gipoprotektsiya – sonday halat bolip, onla ata – ananin' bala menen shug'illaniwg'a ya waqiti jetspeydi, yaki bull jumisti basqalarg'a ju'klep qoyadi. Ayirim ata – analar sol turizde turmis keshirip, perzentlerin uliwma baqlamaydi da, onin' ta'g'dirine biypa'rwa boladi, g'amxorliq ko'rsetpeydi, balasinin' keleshegine qayg'irmaydi. Gipoprotektsiyanin' jasirin formasinda ata – anna bala u'stinen atina nelerdidur qilg'anda y boladi. Biraq negizinde olardi tek g'ana o'zlerinin' ku'ndelik mashqalalar qiziqtiradi. Bala bull halatlardi analiz etip, o'zinin' kerek emesligin, shan'araqta artiqsha ekenligin an'lap baradi.

Taslap qoyilg'an balalar yamasa yaki taslandiq balalar – a'dette jaslig'inan ya materialliq, ya ruwxiy mu'ta'jlikleri qanaatlandirilmag'an balalar bolip tabiladi. Olar ma'selen, qarini toymag'aninan fizikaliq rawajlaniwdan arqada qalsa, baqlaw ha'm itibardin' joqlig'inan tu'rli jinayat jollarina kirip qaladi, jaqsi, haqiyqiy itibar ha'm mehirdin' joqlig'inan ja'miyette, adamlar arasinda o'z ornin tabiwg'a qiynalatug'in, adamawi, sawatsiz bolip o'sedi. Bulardin' barlig'i olardin'

keleshekte jinayat jollarina kirip qaliwina yamasa ziyanli a'detelerge u'yreniwine sebep boladi.

Gipoprotektsiyanin' da ha'dden ziyai formasi bar bolip, onda bala ata – anna baqlawinan ataylap taslap qaldirilg'anlig'i sebepli, onin' naduris jollarg'a kirip ketip atirg'anlig'inada biypa'rwa boladi. A.E.Lichko, A.A.Vdovichenkolardin' Rossiyada o'tkergen izertlewlerinde jaman jolg'a kirip ketken, er jetpegen jinayatshilardin' ata –analarinda u'lken qa'telikler aniqlang'an. Olar balasinin' naduris is – ha'reketin aqlamaqshi da boladi, yamasa ayibin basqalarg'a, ma'selen, ko'she balalarina, mekteptegi ta'rtipsizliklerge, oqitiwshilardin' biypa'rwalig'ina awdarmaqshi boladi, tek g'ana o'zlerinin' ayibin sezbeydi yamasa ta'n almaydi.SHan'araqliq ta'rbiyanin' ja'ne bir formasi – qarama – qarsiliqli ta'rbiya. Bunda shan'araq ag'zalarinin' ha'r biri bir balag'a tu'rlishe ta'rbiya usillarin qollanadi, ma'selen, atasi ju'da' qattiqol, anna ju'da' mehriyban, yamasa ata – anna balanin' minez – qulqin ju'da' baqlap, juwapkershilik penen onin' a'dep – ikramliq ta'rbiyasi menen shug'illanadi, kempir apasi bolsa kerisinshe, oni erkeletip, izden shig'arali – «ele jas, u'lken bolg'anda o'zi jaqsi bolip ketedi», tu'rinde maqullayberedi. Bunday turaqsiz ta'rbiya usillarin E.Eydemiller, V.YUstitsiy, N.Lengard u'yrenip, onin' aqibetinde ballada unamsiz xarakter o'zgeshelikleri, ma'selen, qaysarliq, abrayli shaxslardin' kritikasin naduris bahalaw siyaqlilar qa'liplesiwi da'liyllengen. Ata – ana ta'rbiyadag'i turaqliliqtin' aqibetlerin qiyal etse, onin' aldin aliwdi bilmeydi. Ko'pshilik ata – analar balasin jog'altip qoyiwi yamasa onin'kewili qaliwinan qorqip ta naduris ta'rbiya jollarin tutadi. Sonin' ushin shan'araqliq ta'rbiya ju'da' qramali protsess bolip, onda ata – analaraldinnan psixologiyaliq ta'repten tayar boliwlari kerek.

Jalg'z ata – analar. Ata yamasa anadan biri bar bolg'an shan'araqlardin' payda boliwina tu'rli sebepler bar: ajiralisiw sebepli birewi qaladi, nekesiz payda bolg'an shan'araq sha'rayati, bunda ananin' jasi u'lken boliwi da, ju'da' jas boliwi da mu'mkin. A'dette tu'rli sebeplerge ko're jalg'izlanip qag'an toliq emes shan'araq ag'zalari ja'miyetten biraz bo'lek jasawg'a, jalg'izliqqa beyim boladi. Bunday shan'araqlar finansliq rizislerge de ushiraydi. Ayrim usinday shan'araq perzentleri

ju’da’ jasliqtan ata islewi lazim bolg’an jumislardin’ bir bo’limin o’z moynina aliwg’a ma’jbu’r boladi. Ten’lesleri arasinda adamawi, ga’pke de ayirim islerge de beyimligi bolmag’ani ushin onin’ doslari da kem boladi. Tiykarg’i qarim – qatnas ob’ekti anna bolip, ol da ko’binshe turmis ta’shuishleri menen balasina jetkilikli itibar bere almaydi. A’sirese, o’spirimlik jasindag’i balalar ata – ananin’ ajiralisiwin ju’da’ kewillerine jaqin aladi, ashiwlanatug’in, sa’lge ja’njel ko’teretug’in, anasi menen de, basqa jaqilari menen de kelise almaytug’in, agressiv bolip qaladi.

Injiq balani jalg’iz o’zi ta’rbiyalawg’a ma’jbu’r bolg’an shan’araqlarda a’dette depressiya halati baqlanadi. Ko’binshe bunday anna o’zin a’wmetsiz, turmis jag’daylarinin’ qurbaninday sezinedi, ko’binshe qapa bolip ju’redi ha’i ish – ishinen o’zin balalari aldinda gu’na’kar sezedi, keleshekte oni ha’m perzentlerin neler ku’tip atirg’anlig’in bilmey ta’shwishlenedi.

## II BAP. SHAN’ARAQTA ATA – ANA HA’M PERZENTLER ARASINDAG’I MU’NA’SIBETLERDI U’YRENIW.

2.1. **«Ata-analar mu’na’sibeti» turlerin aniqlaw testi**

**(V.YA.Varga, V.V.Stolin )**

1. Men o’z balamdi tu’sinemen.
2. Menin’ balam neler xaqqinda oylawin biliwin qa’ler edim.
3. Men balamdi hu’rmet qilaman.
4. Men oyimsha, balamnin’ minezi o’lsheminen arqada qalip ketip atir.
5. Balani turmista bolatug’in qiyinshiliqlardan uzag’iraqta saqlaw kerek, dep esaplayman.
6. Men o’z balama jaqinlig’imdi sezbey atirman.
7. Jaqsi ata-analar balalarin qiyinshiliqlardan asiraydilar.
8. Menin’ balam ko’pshilik mag’an jag’imsizdek tuyiledi.
9. Men balama ba’rqulla ja’rdem beriwge ha’reket qilaman.
10. Oylmaymanki, bala kati uslansa keyinshelik og’an u’lken payda keltiredi.
11. Men balama qarag’anda o’zimde jahillik sezip atirman.
12. Menin’ balam turmista hesh na’rsege erise almaydi.
13. Oylaymanki, basqa balalar menin’ balamnin’ u’stinen ku’lip atir.
14. Menin’ balam sonday orinsiz jumislar qiladi, oni keshirip bolmaydi.
15. Menin’ balam jasina qarag’anda jetik emesdey tuyiledi.
16. Menin’ balam jahlimdi shig’ariwg’a ha’reket qiladi.
17. Menin’ balam ha’mme jamanliqlardi o’zine tartip aladi.
18. Menin’ balamg’a ha’r ta’repleme jaksi minezli boliwin u’yreniw qiyin.
19. Balani qatti uslaw kerek, sonda onnan jaqsi adam shigadi.
20. Balamnin’ doslari biznikige miymang’a kelse, men jaqsi ko’remen.
21. Men balam sho’lkemlestirgen jumislarda qatnasip atirman.
22. Menin’ balamg’a jamanliqlar jabisadi.
23. Menin’ balam bul turmista tabisti ko’rmeydi.

24. Eger tanislar arasinda bala ta’rbiyasi xaqqinda biran-bir ga’p shig’ip qalsa, mag’an bir az uyat boladi, menin’ balam- men qa’lemegendey aqilli ha’m qa’biletli emesdek tuyiledi.

25. Men balamg’a qayg’iraman.

26. qashanki balamdi onin’ ten’lesleri menen salistirsam, olar menin’ balamnin’ o’zlerin tutiwi ha’m ko’rinisleri ta’repinen u’lkendey ko’rinedi.

27. Men bos waqitlarimdi balam menen qaniqarli ra’wishte o’tkeremen.

28. Men balamnin’ tez u’lken bolip atip atirganlig’in ha’m onin’ jas waqitlari ha’mde jagimli waqitlarin eslep atirman, tez-tez afsuslanayapman.

29. Men balama dushmanday qarayman, bull pikir menin’ kiyalima tez-tez keledi.

30. qiliwg’a u’lgirmegen jumislarimdi, menin’ balam a’melge asirsin, dep arman qilaman.

31. .Balalardan talap qilg’annan ko’re, olardin’ aytqanlarina ko’niw kerek, dep esaplayman.

32. . Men balamnin’ ha’mme iltimaslarin orinlawg’a ha’reket qilaman.

33. SHan’araqta biran-bir qararg’a keliwde, balanin’ pikirin ha’m inabatqa aliw kerek, dep oylayman.

34. Men balamnin’ turmisi menen ju’da’ qizig’aman.

35. Balam menen kelispewshilik hallar ju’z berip kalsa, yag’niy ol o’z pikiri menen xaq bolsa men oni tez moynima alaman.

36. Balalar jaslig’inan ata-analarinin’ jol qoyg’an qa’telerin biledi.

37. Men ba’rqulla balamnin’ pikirin esapqa alaman.

38. Men o’zimde balama qarag’nada dosliq sezimin sezemen.

39. Balamnin’ tiykarg’i injiqliqlari sonnan ibaratki, ol qaysar ha’m egoist, yag’niy xudbin.

40. Dem aliw ku’nlerin bala menen o’tkeriw mutlaqo tuwri kelmeydi, dep esaplayman.

41. En za’ru’ri perzenttin’ balaliq jillari tinish ha’m asayishta o’tsin, qalg’an ha’mmesi bir ga’p boladi.

42. Bazen mag'an sonday tuyiladi, menin' balam hesh na'rsege qa'biletsiz.

43. Men balamnin' qizig'iwlarina tuwri ko'z menen qarayman.

44. Balamnin' xarakteri sonday, ol ha'r qanday adamnin' nervin buzip, biran-bir qa'tege jol qoyiwg'a alip keledi.

45. Men balamnin' qapagershiliklerin tu'sinemen.

46. Menin' balam tez-tez janima tiyedi.

47. Balani ta'rbiyalaw nervke tiyetug'in na'rse, dep esaplayman.

48. Balanin' jaslig'inan ta'rbiyasina qiling'an qatti qolliq onda ku'shli xarakterdi rawajlantiradi.

49. Men o'z balamg'a isenmeymen.

50. Balag'a qiling'an kati qolliq ushin ol keyinshelik minnatdar boladi eli.

51. Bazide balam sonday ko'rinediki, men onnan jirkenemen.

52. Balamnin' jaqsi ta'repleri, jaman ta'replerine qarag'anda az.

53. Men qizig'iwarimdi o'z balamg'a ajirataman.

54. Menin' balam biran-bir jumisti o'zi o'zbetinshe qila almaydi, qilsa ham oni tuwri emes orinlaydi.

55. Menin' balam turmisqa maslasmastan o'sip atir.

56. Menin' balam qanday bolsa, sondaylig'insha jag'adi.

57. Men balamnin' salamatlig'ina juda u'lken itibar menen qarayman.

58. Men balam menen ko'birek maqtanaman.

59. Ata-anasinan sir saqlamaslig'i kerek, dep esaplayman.

60. Balamnin' qa'biletleri tuwrisinda menin' pikirim joqari emes.

61. Bala ata-analari jaqtirg'an balalar menen doslassalar ju'da jaqsi bolap edi, dep esaplayman.

Mu'na'sibetlerinin' o'lshemleri :

1-shkala : - 1-9 ; -10-32 -;

2-shkala : -1-4-; -7 – 9 ;

3-shkala : -1 - 3-; - 4 - 7;

4-shkala : - 1- 3; - 4 - 7-;

5-shkala : 1 - 3; - 4 - 8-;

Sorawnama giltinin’ turleri:

* 1.qabil qiliw yaki baladan biyganalasiw formasin sa’wlelendiriwshi shkala: 3, 4, 8, 10, 12, 14, 15, 16, 18, 20, 23, 24, 26, 27, 29, 37, 38, 39, 40, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 49, 51, 52, 53, 55, 56, 60.

** 2. «Kooperatsiya yaki birlespe»- Ata-ana mu’na’sibetinin’ sotsial issiliq mu’na’sibetin sa’wlelendiriwshi shkaladir : 6, 9, 21, 25, 31, 33, 34, 35, 36.

X 3. «Simbioz» - bala menen qarim-qatnasta shaxslar araliq uzviy baylanisli mu’na’sibetin sa’wlelendiriwshi shkaladir: 1, 5, 7, 28, 32, 41, 58.

→ 4.«Avtoritar» yaki qatti qolliq, talapshanliq, - balanin’ minez-kulqin qadag’alaw ha’m bag’darin sa’wlelenliriwshi shkaladir:g’, 19, 30, 48, 50, 57, 59.

□ 5. “Kishi a’wmetsiz yaki inifantallik” 9, 11, 13,17,22, 28, 54, 61.

Bul teste eger olar tek tes giltinin’ juwabina mas kelse «Awa» juwaplari aniqlanadi. «Joq» juwaplari islep shig’ilmaydi.

**«Ata-analar mu’na’sibeti» test sorawnamasi haqqinda tu’sinik**

**(A.YA.Varga, V.V.Stolin)**

Ata-analar mu’na’sibeti test sorawnamasi balalarg’a qarim-qatnas qiliw ha’m olardi ta’rbiyalaw ma’seleleri boyinsha psixologiyaliq ja’rdemge mu’ra’ja’a’t qilg’an kisiler ushin ata-analar mu’na’sibetin aniqlawg’a qaratilg’an psixodiagnostika qurali.

Ata-analar mu’na’sibeti balag’a qarag’anda ha’r qiyli sezimlerinin’ dizimi sipatinda, ol menen karim-qatnasta minez-qulqinin’ o’zgermesligi (Stereotipligi) bala shaxsi, onin’ qatti-ha’reketleri, xarakteri, qabil qiliw o’zgesheliklerin tu’siniw sipatinda qaraladi.

Sorawnamanin’ du’zilisi o’ shkaladan ibarat

1.«qabil qiliw-baladan biyganalaw»- SHkala balag’a bolg’an eki qarama-qarsiliq sezimin shaxslar araliq mu’na’sibetin sa’wlelendiredi.

- SHkalanin’ birinshi qutbinin’ mazmuni to’mendegishe: Ata-anag’a bala qanday bolsa, sondaylig’insha jag’adi. Ata-ana bala individuallig’in hu’rmet qiladi, oni jaqsi ko’redi. Ata-analar ko’p waqtin bala menen birgelikte o’tkeriwge ha’reket qiladilar, onin’ qizig’iulari ham rejelerin qollap-quwatlaydilar.

-SHkalanin' ekinshi qutbinin' mamzuni to'mendegishe: Ata-ana o'z perzentin jaman, u'yrene almaytug'in, a'wmetsiz, dep kabil qiliw kerek. Olardin' pikirinshe, perzentleri aqili kemliginen, qa'bileti joqlig'inan, jaman a'detlerinen turmista tabislarga erise almaydi, dep esaplaydi. ko'pshilik, bunday ata-analardi balasinan ashiwi keledi, olardan renjiydi, ga'zeplenedi, qapa boladi. Bunday ata-analar o'z perzentlerine isenmeydi ha'm oni hu'rmet qilmaydilar.

2. («Kooperatsiya») yaki «Birlespe» -Eger ata-analarinin' mu'na'sibeti perzentlerine qarag'anda jaqsi bolsa, olar sotsial qalegen obrazda mu'na'sibette boladi. Bul shkalanin' mazmuni to'mendegishe ta'riyplenedi : Ata-ana perzentinin' jumislarina ha'm rejelerine qizig'adi, balaga hamme na'rsede ja'rdelesiwge, og'an ha'mda'rt boliwg'a umtiladi. Ata-analar perzentlerinin' do'retiwshilik ha'm aqiliy qabiletlerin joqari bahalaydi, ol menen maqtanadi. Ol balanin' o'zbetinshiligi ha'm tashabbuskorligi ushin oni siyliqlaydi, ol menen ten' boliwg'a umtiladi. Ata-ana balag'a isenedi, bahisli ma'selelerde onin' pikirin maqullaydi.

Bul shkala boyinsha to'men ballarda ata-analar perzentlerine qarag'anda natuwri mu'na'sibette boladi.

3. «Simbioz». –Bala menen qarim-qatnasta shaxslar araliq araliqti sa'wlelendiredi. Bul shkala boyinsha joqari ballarda ata-analar simbiotikaliq mu'na'sibetke umtiladi, yag'niy turmis qiyinshiliqlari ha'm kewilsizliklerinen oni saqlawga umtiladi. Ata-ana barqulla baladan qa'witerlenedi, perzenti og'an kishkine ha'm qorg'awsiz bolip tuyiledi, perzenti sharayatina ko're, o'zbetinshe birar jumis qilmaqshi bolg'anda, ata-ananin' qa'witerleniwi ja'nede artadi, ata-ana o'z iqtiyari menen hesh qashan perzentige o'zbetinshe boliwina ruxsat bermeydi. Bul shkala boyinsha-to'men ballarda ata-analar-penzentlerine karag'anda natuwri ha'm qopal ha'mde suwiq mu'nasibette boladilar.

4. «Avtoritar» yaki qatti qolliq, talapshanliq»-bala minez-qulqin qadag'alaw ha'm bag'darin sa'wlelendiredi. Bul shkala boyinsha-joqari ballarda ata-analarinin' o'z-ara mu'na'sibette jekke hu'kimranliq (avtoritarizm) aniq ko'rinip turadi. Ata-ana ha'mme na'rsede o'z ta'sirin o'tkeriwge ha'reket qiladi. Bala o'z erki menen ha'reket qilmaqshi bolsa, qatti jazalanadi. Ata-analar perzentinin'

sotsial jetikligin sinshiklep tekseredi ha’m sotsial tabislardi talap qiladi. Bunday ata-ana o’z perzentinin’ individual o’zgesheliklerin, a’detlerin, pikirleri, sezimlerin jaqsi biledi, biraq inabatqa aliwdi qa’lemeydi.

5. «Kishi a’wmetsiz» yaki «infantallik» -Bul tur ata-analarinin’ o’z perzentin tu’siniw ha’m qabil qiliw o’zgesheliklerin sa’wlelendiredi. Bul shkala boyinsha ata-ana mu’na’sibetinin’ joqarri ballarinda perzentinin’ jetilmey qalg’anlig’i, shaxsiy ha’m sotsial nasharlig’i ta’n alinadi. Ata-ana perzentinin’ haqiqiy jasina qarag’anda kishi, dep karaydi. Balanin’ sezimleri, pikirleri, qizig’iwlari ha’m qizig’iwshan’lig’i ata-anag’a balalarsha, yag’niy jiddiy emesdek tuyieldi, perzentin jaman ta’sirlerge beriliwshen, a’wmetsiz, turmisqa maslasa almaytug’in dep oylaydi. Sonin’ ushin ata-ana penzentin turmis qiyinshiliqlarinan asirawg’a ha’m onin’ ha’reketlerin qatti qadagalawg’a umtiladi. Bunday ata-analar olardi ba’rqulla qorg’awg’a ha’reket qiladi.

Sonin’ menen birge, ata-analardin’ o’z perzentige qarag’anda olardi ta’rbiyalawlari protsessinde qollaytug’in ta’rbiyanin’ nuqsanli faktorlarin qay da’rejede bildirip atirganliqlarin aniqlaw usillarinan ha’m paydalaniw mu’mkin.

### 2.2. T. Lirindın` shaxslar aralıq mu`na`sibetlerin diagnostikalaw metodikası.

Sizin` aldın`ızda ha`r tu`rli sorawlar turıptı. Olardın` ha`r birin dıqqat penen oqıp, o`zin`izge say keliwin oylan`. Eger, say kelse tablitsag`a qarap juwabın`ızdın` ta`rtip nomerine say kelgen kletkadag`ı nomerge kesisken sızıq penen belgilen`. Eger, yaq bolsa hesh na`rse qoyman`.

**Siz kanday adamsız?**

1. Jag`ımlı bolıw qolın`ızdan keledi.
2. A`tiraptag`ılarg`a jag`ımlı ta`sir oyatasız.
3. Ko`rsetpe, buyrıq beriw qolın`ızdan keledi.
4. O`z pikirin`izde turıw qolın`ızdan keledi.
5. O`z qa`dirin`izdi bilesiz.
6. Ga`rezsizsiz (erkin).
7. O`z g`amın`ızdı o`ziniz jeysiz.
8. Biyparwa bola alasız.
9. Qattıqol bola alasız.
10. Talapshan`, biraq a`dalatlısız.
11. Haqıyqatshıl bola alasız.
12. Basqalarg`a a`shkara mu`nasibette bola alasız.
13. Zarlanıwdı jaqsı ko`resiz.
14. Ko`p qayg`ırasız.
15. Gu`manlanıwg`a beyimsiz.
16. Ko`binshe kewilin`iz bolmaydı.
17. O`zin`izge a`shkaralıq mu`na`sibette bolasız.
18. O`zin`izdin` nahaq ekenin`izdi ta`n alasız.
19. Jan-jan dep boysınasız.
20. Kewilshen`siz.
21. Jasılıqtı bilesiz.
22. Qayıl qalıw ha`m elikleniwge umtılasız.
23. Izzettalapsız.

24. Maqtaw alıwga umtılasız.
25. Birge islesiw, o`z-ara ja`rdem qolın`ızdan keledi.
26. Basqalar menen kelisim jasawg`a umtılasız.
27. Arqayınsız.
28. Mu`la`yım ha`m ashıq kewilsiz.
29. Na`ziksiz.
30. Kewildi ko`teresiz.
31. Ja`rdem beriwge tayınsız.
32. Biyg`a`rezsız.
33. Qayıl qalıw qolın`ızdan keledi.
34. Basqalardın` hu`rmetin qazanasız.
35. Basshı talantına iyesiz.
36. Juwapkershilikti jaqsı ko`resiz.
37. O`zin`izge isengensiz.
38. Menmensiz, shaqqansız.
39. Isshen`, ha`r ta`repsiz.
40. Konkurentshisiz.
41. Kerekli jerde shıdamlısiz.
42. Ga`pke ko`nbeytug`ın, biraq biyg`a`rezsiz.
43. Ashıwshaqsız.
44. Kewlin`degini jasırmaytug`ın anıq aytasız.
45. Birewdin` buyrıq beriwine takatın`ız joq.
46. Isenebermeytug`ınsız.
47. Sizdi hayran qaldırıw qıyın.
48. O`kpelegish, gu`manshılsız.
49. An`sat albıraysız, uyalasız.
50. O`zin`izge isenbeytug`ınsız.
51. Ga`pke ko`netug`ınsız.
52. Kemgapsiz.
53. Tez-tez basqalardan ja`rdem soraysız.

54. Abroylıg`a sıyınasız.
55. Jan-jan dep ma`sla`httı qabıllaysız.
56. Isengish ha`m birewlerdi quwantıwg`a umtılasız.
57. Adamlarg`a kirisiwshen`siz.
58. A`tiraptag`ılardın` pikirin qa`dirleysiz.
59. Kelisimshen`, so`zge sheshensiz.
60. Jumsaq kewilsiz.
61. Mexriban, isenim tuwdıratug`ınsız.
62. `Mu`layım, rehimdilsiz.
63. Birewlerdin g`amın jewdi jaqsı ko`resiz.
64. Saxıysız.
65. Ma`sla`ha`t beriwdi jaqsı ko`resiz.
66. Belgili adam sıpatında ko`rinesiz.
67. Kekkeygen (ga`rdiygen) buyrıqpazsız.
68. Hu`kimin o`tkeretug`ınsız.
69. Maqtanshaqsız.
70. O`zin`izge artıq baha qoyg`ansız.
71. Tek o`zin`iz haqqın`izda oylaysız.
72. Hayyarsız.
73. Basqalardın` qa`telerine shıday almaysız.
74. Abaylısız.
75. Kewli ashıqsız.
76. Ko`binese jaman kewilsiz.
77. Bejireygensiz, ashıushaqsız.
78. Arzago`ysiz.
79. Qızg`anshaqsız.
80. Kek saqlaysız.
81. O`kingishsiz.
82. Tartınshaqsız.
83. Initsiativalısız (tashabussizsiz).

84. Juwassız.
85. Garezlisiz, erksiz, erkin emessizyu
86. Boysınıwdı jaqsı ko`resiz.
87. Qarar qabıl etiwdi basqalarg`a qoyıp beresiz.
88. An`sat pa`nt jeysiz.
89. Dosların`ızdın` ta`sirine an`sat berilesiz.
90. Ha`r kimge iseniwge tayarsız.
91. Sorastırmastan ha`mmeni kewlin`izge jaqın alasız.
92. Ha`mmeni jaqtırasız.
93. Ha`mme na`rseni keshiresiz.
94. Ha`dden zıyat da`rtles bolıwga beyimsiz.
95. Saxawatlı ha`m qa`telerge shıdamlısız.
96. Ha`mmege ja`rdem beriwge umtılasız.
97. Jen`iske umtılasız.
98. Ha`mmeden mawullawdı ku`tesiz.
99. Basqalarg`a xojeyinlik etesiz.
100. Zulım o`tkeresiz.
101. A`tiraptag`ılarg`a u`stinlik sezimi menen qaraysız.
102. Ha`melparazsız.
103. Egoistsiz.
104. Suyıq, dag`alsız.
105. So`zin`iz jaman.
106. Ashıwshaq, rehimsizsiz.
107. Ko`birek ashıwshaqsız.
108. Sezimsiz, biyparwasız.
109. Giyne salaysız.
110. Pikirin`iz qarama-qarsılıqqa tolı, terissiz.
111. Haysarsız.
112. Gu`manshısız (badgumansiz).
113. Ju`reksizsiz.

114. Tartınshaqsız.

115. Xızmetke tayar (lakma)sız.

116. Awıshsız (landovursiz).

117. Hesh kimge itibar bildirmeysiz.

118. Pashshaxurda, jelimsiz.

119. Sizge g`amxorlıq etiwdi jaqsı ko`resiz.

120. Ju`da isengishsiz.

121. Ha`mmenin` ıqlasına erisiwge umtılasız.

122. Ha`mme menen kelisimlisiz.

123. Ha`r dayım, ha`mme menen dossız.

124. Ha`mmeni jaqsı ko`resiz.

125. Atiraptag`ılarg`a ju`da andiyshesiz.

126. Ha`mmeni jubatıwg`a umtılasız.

127. O`zin`izdin` zıyanın`ızg`a basqalarg`a g`amxorlıq etesiz.

128. Ju`da mehribanlıg`ın`ız benen adamlardı buzasız.

***Liri metodikasının` klyuchi***

| | |
|---|---|
| 1y-oktant | 1-4, 33-36, 65-68, 97-100 |
| 2y-oktant | 5-8, 37-40, 69-72, 101-104 |
| 3y-oktant | 9-12, 41-44, 73-76, 105-108 |
| 4y-oktant | 13-16, 45-48, 77-80, 109-112 |
| 5y-oktant | 17-20, 49-52, 81-84, 113-116 |
| 6y-oktant | 21-24, 53-56, 85-88, 117-120 |
| 7y-oktant | 25-28, 57-60, 89-92, 121-128 |
| 8y-oktant | 29-32, 61-64, 93-96, 125-128 |

I. **Oktant. Hu`kimin o`tkeriwshi basshılıq etiwshi.**

II. **Oktant. Erkin-u`stin.**

III. **Oktant. Dangal-tajavuzkor.**

IV. **Oktant. Gumanshıl-iseninkiremeytugın.**

V. **Oktant. Keuilshen-tartınshak.**

VI. **Oktant. Momin kabıl-karol tobe.**

VII. **Oktant. Birge islesiushi-kelisiushi.**

VIII. **Oktant. Juuapkershilik-jokarı xikmat.**

**Testtin` juwap gilti ha`m o`zgesheliklerin anıqlaw gilti.**

Familiyası ___________Atı _________Sharipi ____________Jası____

Maglıumatı___________ _____Kasibi___________________

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 33 | 65 | 97 | I. Oktant |
| 2 | 34 | 66 | 98 | |
| 3 | 35 | 67 | 99 | |
| 4 | 36 | 68 | 100 | |
| 5 | 37 | 69 | 101 | II. Oktant |
| 6 | 38 | 70 | 102 | |
| 7 | 39 | 71 | 103 | |
| 8 | 40 | 72 | 104 | |
| 9 | 41 | 73 | 105 | III. Oktant |
| 10 | 42 | 74 | 106 | |
| 11 | 43 | 75 | 107 | |
| 12 | 44 | 76 | 108 | |
| 13 | 45 | 77 | 109 | IV. Oktant |
| 14 | 46 | 78 | 110 | |
| 15 | 47 | 79 | 111 | |
| 16 | 48 | 80 | 112 | |
| 17 | 49 | 81 | 113 | V. Oktant |
| 18 | 50 | 82 | 114 | |
| 19 | 51 | 83 | 115 | |
| 20 | 52 | 84 | 116 | |
| 21 | 53 | 85 | 117 | VI. Oktant |
| 22 | 54 | 86 | 118 | |
| 23 | 55 | 87 | 119 | |
| 24 | 56 | 88 | 120 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 25 | 57 | 89 | 121 | VII. Oktant |
| 26 | 58 | 90 | 122 | |
| 27 | 59 | 91 | 123 | |
| 28 | 60 | 92 | 124 | |
| 29 | 61 | 93 | 125 | VIII. Oktant |
| 30 | 62 | 94 | 126 | |
| 31 | 63 | 95 | 127 | |
| 32 | 64 | 96 | 128 | |

## JUWMAQLAW

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızg`a juwmaq jasaytug`ın bolsaq, jas a`wlad turmısının` ko`pshilik bo`legi shan`araqta o`tedi. Sol sebepli bala turmısının` quramalı ta`repleri menen mine usı ata – ana qasında tanısadı. Sonın` ushın da shan`araq ja`miyettin` baslang`ısh buwını sıpatında balalardın` a`dep – ikramlılıq, ju`ris – turısı, is – ha`reketi, isenimi ha`m du`n`yag`a ko`z qarasına ta`rbiyalıq ta`sir ko`rsetiwı ha`m olardı turmıs qurıwg`a tayarlap barıwı lazım.

Shan`araq ha`m ondag`ı o`z – ara mu`na`sibet arqalı qabıl etiwdin` psixologiyalıq ta`sirin biliw en` a`hmiyetli ma`selelerden biri bolıp esaplanadı. Sebebi sol shan`araq ta`rbiya beretug`ın orınlar arasında shaxstın` ja`miyette o`z ornın mu`na`sip tabıwına ha`m o`z imkaniyatların tolıq ko`rsetiwine sha`rt – sha`rayat jaratadı. Haqıyqattan da shan`araq ha`r bir insannın` tuwılıwı, ta`rbiyalanıwı ha`m jasaw da`rgayı bolıp esaplanadı. Shan`araqtag`ı perzentlerdin` salamat tuwılıwı, salamat o`siwi, salamat ta`rbiyalanıwı ha`m salamat pikirli shaxs bolıp qa`liplesiwi de shan`araqqa baylanıslı. Sonın` ushın da «Shıg`ısta qa`dim – qa`dimnen shan`araq muqaddes watan sanalg`an. Eger shan`araq salamat ha`m bekkem bolsa g`ana, ma`mlekette, tınıshlıq ha`m tatıwlıq, turaqlılıqqa ha`m birlikke erisiledi».

Adam shan`araqta kamal tabadı. Mine usı da`rgayda onın` birinshi quwanısh ha`m ta`shwishleri ju`zege keledi. Perzentinin` aqılıy, fizikalıq, a`dep – ikramlıq, estetikalıq ta`repten ta`rbiyalanıwına da shan`araqta tiykar salınadı. Sonın` ushın ha`r bir ata – anna tek g`ana perzentti du`n`yag`a keltiriwi emes, ba`lkim onı ka`mil insan qıla alsa, jaqsı ta`rbiya bere alsa ol ja`miyet aldındag`ı haqıyqıy wazıypasın orınlag`an boladı. Shan`araqta ta`rbiya arqalı du`n`yag`a ko`z – qaras, minez – qulıq o`lshemleri ha`m ko`plegen sıpa`tlar sin`diriledi.

Shan`araq ta`rbiyası – shan`araqta ata – analar, kempir ata ha`m kempir apalar, ulıwma u`lken jaslı ahayinleri ta`repinen balalardı ta`rbiyalaw bolıp, a`zeliy tu`rkiy da`stu`rlerge ko`re ata – analarg`a qarag`anda balag`a kempir ata ha`m kempir apasının` ta`rbiyalıq ta`siri ku`shli bolg`an.

Shan`araqta ana ha`m bala, er – hayal, qayn ene – kelinlerdin` bir-birin tuwrı qabıl etiwleri, unamlı bolıwı insan xızmetinin` na`tiyjeliligin, keypiyatının`, minez – qulqın da ko`rsetedi. Psixolog alımlardın` o`tkergen izertlewlerinde ana – bala bir-birin tuwrı qabıl etiwleri olardın` mu`n1sibetlerinin` qanday bolıwına qarap, balanın` o`zin qanday seziwi mu`mkinligi arnawlı u`yrenilgen. Ana – bala mu`na`sibetlerindegi tuwrı qabıl etiwleri u`zliksiz, haqıyqıy, mehir ko`p ko`rsetilgen ortalıqta o`sken bala menen ana – bala mu`na`sibetleri jaqın emes, a`piwayı g`ana, mehir kem ko`rsetilgen ortalıqta o`sken bala arasında ju`da` u`lken parıq ha`m ayırmashılıqlar baqlang`an. Anası menen ko`birek birge bolg`an balada (bul a`lbette balanın` go`deklik ha`m erte balalıq da`wirinde) o`zin qorg`alg`an seziniwi, o`zine isenimmnin` joqarılıg`ı, minez – qulqı ha`m is–ha`reketlerinde bolsa qızıg`ıwshılıq, ha`reketshen`lik, mehir ko`birek baqlanadı. Keri jag`dayda bolsa, bala o`zgesheliklerine ekileniwler, isenimsizlik, biypa`rwalıq ko`rinedi.

Demek, shan`araqtın` psixologiyalıq ta`siri faktorların biliw arqalı tek g`ana perzentlerdi emes, ba`lkim ja`miyetimizdin` keleshegin jaratamız.

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR:


***1.*** Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлигининг гарови. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганлигининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маъруза. – Т.: Ўзбекистон, 2016. – 16 б.

***2.*** Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳ лил, қатъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. Мамлакатимизни 2016 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг асосий якунлари ва 2017 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг кенгайтирилган мажлисидаги маъруза - Т.: Ўзбекистон, 2017. - 104 б.

***3.*** Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Т. Ўзбекистон. 2017. – Б.64.

***4.*** Т.М.Адизова Психокоррекция. Учебное пособие. Ташкент., ТДПУ, 2006.

***5.*** Е.И. Рогов настольная книга практического психолога. Кн.2. М., 1999.

***6.*** Г.Н. Сартан Психотренинги по общению для учителей и старшеклассников, М., 1993.

***7.*** Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. Т., Ўзбекистон. 1999.

***8.*** Андреева А.Д., Вохменина Т.В. Программа работы психолога в децком дошкольном учреждении. М.1994.

***9.*** Асадов Ю., Мусурманова Р. Ўсмирлар девиант ҳатти – ҳаракатининг ижтимоий – психологик хусусиятлари. Т. 2011

***10.***Петровский И. В. «Умумий психология» «Ўқитувчи», 1992й.

***11.***Выгоцкий Л.С. Педагогическая психология. М. 1991.

***12.***Воҳидов М. Болалар психологияси. Т. 1982 й.

***13.***Рогов А. Настольная книга практического психолога. М. 1998

***14.***Гамезо А. «Атлас по психологии» Москва 2001й.

***15.***Каримова В. М. «Психология» Т.Шарқ 2002й.

***16.***Ғозиев Э. Ғ. «Умумий психология» I—II том. Тошкент-2002й.
***17.***Ғозиев Э. Психология. Т. 2000
***18.***Ғозиев Э. Хасанов Б. Психология муаммолари. Т.1999.
***19.***Ғозиев Э. Психология. Тошкент 1994.
***20.***Ғозиев Э. Онтогенез психологияси. Т.: Нашир. 2010 й.
***21.***Ғозиев Э. Тараққиёт психологияси. - Т.: «Университет», 1999
***22.***Ғозиев Е., Узоқов Ҳ., Тожиев А. Оила этикаси ва психологияси.
***23.***Давлещин М. Г. «Умумий психология» Т-2000й.
***24.***Давлещин Г. ва бошқалар. Ёш ва педагогик психология. Т. 1998 й
***25.***Давлещин М.Г., Туйчиева С.М. Умумий психология. –Тошкент, 2002,
***26.***Давлещин М.Г.. Замонавий мактаб ўқитувчиси психологияси. –Тошкент, 1998.
***27.***Зуннунов А. Оилада бола шахсини шакллантириш. Т. 2006 й.
***28.***Каримова В. Оила психологияси. Т. 2007 й.
***29.***Матмуратова Н.Б., Адизова Т.М. Ота – она ва ўсмир муносабатларини яхшилаш учун психологик коррекцион тузатиш усуллари. Т. 2010.
***30.***Мухина В. Детская психология. -Москва Просвещение, 1965.
***31.***Немов Р. С. «Психология» Т. 1.М. 1998й.
***32.***Нишанова З.Т. Психологик хизмат. Т. 2006.
***33.***Нишанова З., Алимова Г. Болалар психологияси ва уни ўқитиш методикаси. Т. 2006 й.
***34.***Нажимов Г.Н., Клычева З.П. “Психоконсултация” курсы бойынша методикалық қолланба. Н. 1999
***35.***Щербаков А.И. «Ёш психологияси ва педагогик психологиядан практикум». –Тошкент, 2002.
***36.***Ёш психологияси ва педагогик психология. ТДПУ. Текст лекций (узб). –Тошкент, 2001.
***37.***www. Зиёнет.
***38.***www. Реферат.ру